ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ЛІЭМЫЖЬ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДОКІ

№47 (22.205) • 2012 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Щам щекІуэкІыну зэІущІэхэр

Иджыпсту дунейр пІейтейуэ кІэлъоплъ Сирие Хьэрыпэ Республикэм (СХЪР) щекІуэкІ зауэм. Абы и зэран зэкІ цыхьу псоми ун гур яІщІамыгъэнкІэ Іэмал иІэкъым, ауэ «Лым и лыр мауэ», жаІэкъэ - нэхъ гущыІэ зыхэлъыр ун лъэпкъэгъуэхэм я гуэвагъуэрщ. Ун ІыкІыпІр гуэвагъуэм къыхэпшын щхьэкІэ, ун къару кІыхьу умыщІэн щІэкъым.

ШЫНАГЪУЭ кІыхьщхьэщыхьа ди лъэпкъэгъуэхэм, Іэмал иІэхэмэ, дэІэпыкъуэгъу яхуэхъунэр я мурадщ, зауэ зэныкъокъыр кІыхьэрыхьейрэ а Іуэхум яужьщ итщ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я жылагъуэ лэжьакІуэхэр. Иджы абы къэрал унафэщІхэри кІыхьыхьащ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенко Валентинэ я Іуэхум теуІуэу къыпсэлъыпІауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я лІыкІуэхэм. А зэІущІэм къыщыдгъэ унафэм ипкъ иткІэ, зэчэнджэщи кІыхьэрагъэпэщащ Сириием кІуэуэ абы щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэху зытетыр зэгъэщІэныр, ахэр а мафІэм кІыхьэрыхэщыфыну Іэмалхэр уІэбыхунир къалэн зыщащІа гуп. А лІыкІуэхэр дыгъуэпшыхь нэсащ Сириием и къалащхьэ Дамаск.

Гупым хэтщ: Адыгейм къыбгъэдэкІыу - ДАХ-м и вице-президент, АР-м и Къэрал Советым - Хасэм и депутат **КІэрмыт Мухьдин**, Пэлпкъэхэм я Іуэхугъэхэмкіэ, ди хэкуэгъуэхэм, хьыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм пыщІанымкіэ хэуапІанымкіэ комитетым и унафэщІ **ЦІыхьалахьуэ Аскэр,** Адыгей Хасэм и тхьэмадэм и къуэдз **Бэгъуащэ Іэдэм**, Къбр-м щыщу - Федерацэмкіэ Советым хэт **Къэжэр Альбертра** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ажахъуэ Къэнщэбийр**, КъІР-м къыбгъэдэкІыу - сенатор **Дер Вячеславрэ** абы и дэІэпыкъуэгъу **Теркъуе Мухьэмэдэр**.

ЛІыкІуэхэр Щам махуиплІкІэ щыІэнущ. Абыхэм я мурадщ Дамаск щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэхэм, УФ-м и посольствэу СХЪР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм, Сириием и къэрал унафэщІхэм яІущІэну.

2012 гъэм и щІышылэм КъБР-м и экономикэм зэрызиужьар

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьынырыгъэмрэ сатумкІэ и министерством къыщащытэжащ дызэрыт илъэсым и щІышылэ мазэм республикэм и социально-экономикэ зыужьынырыгъэр.

МИНИСТЕРСТВЭМ макроэкономикэмкІэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІ-эксперт нэхъыщхьэ Кьер Залинэ кІыхьэрыджІамкІэ, ди деж щагъэхьэзыра хьэпшыпу ящар, «щІым щІэлъ хьугъуэфІыгъуэхэр кІыщІэхьыныр», «сырьем елэжьыныр», «электрокъарур, газыр, псыр кьэлэжьынымрэ тегуэшэныр» лэжьыгъэхэм хиубыдэу зэфІагъэкІар псори зэхэту сом меларди 2-рэ мелуан 935,4-рэ и уасэ мэхъу икІи блэжа илъэсым и апхуэдэ зэманым елыытауэ процентI 113,8-м щІегъу.

Щ1ым кІыщІах хьугъуэфІыгъуэу сом мелуан 1,9-рэ и уасэ (процентI 101,2-рэ), сырьем елэжь Іэнатіэхэм я продукцэу сом меларди 2-рэ мелуан 28,7-рэ и уасэ (процентI 118,7-рэ) ящащ, электрокъаруэ, газу, псыуэ сом мелуан 904,8-рэ и уасэ (процент 93-рэ) кьалэжьри трагуэшащ.

Мэкъумэш Іэнатіэм щылажьэ псоми 2012 гъэм и щІышылэ мазэм сом мелуан 950,1-рэ и уасэ продукцэ (2011 гъэм и щІышылэ мазэм елыытауэ процентI 126,5-рэ) кьалэрыхьащ. Хозяйствэ псоми былымэу мин 265,1-рэ (гъэ кІуэм и апхуэдэ зэманым елыытауэ процентI 109,2-рэ) яІащ. Кьыз1эрабжамкІэ, хозяйствэ псоми Іэшэрэ джаджьаэу (зэрыпсэууэ шэчагъэ) тонн мин 5, гъэшу тонн мин 23,4-рэ, джэдыкІэу мелуан мин 10,9-рэ кьыщІалэжьащ.

«Гъэуэныгъэ» лэжьыгъэм хиубыдэу сом мелуан 368,6-рэ е 2011 гъэм и щІышылэм елыытауэ процентI 74,1-кІэ нэхъыбэ кьагъэсэбэпащ.

2012 гъэм и щІышылэ мазэм розницэ сатур сом меларди 5-рэ мелуан 958-м нэсащ. Товар бжыгъэкІэ кьапщтэмэ, ар 2011 гъэм и щІышылэм мазэм елыытауэ процентI 10,7-кІэ нэхъыбэщ. И зэхэлыкІэмкІэ кьэпшыгъэмэ, розницэ сатум зэпымыуэу нэхъыбэ щохьу ерыскъыпхъэхэм химыубыдэ товару яІэр (процент 52,4-рэ). Псы зэмылІэужьыгъуэхэмрэ тутынымрэ хэту, 2012 гъэм и щІышылэ мазэм цыхьухэм ерыскъыжьІу сом меларди 2-рэ мелуан 836-рэ и уасэ (2011 гъэм и щІышылэ мазэм елыытауэ процентI 112,2-рэ), ерыскъыпхъэхэм химыубыдэ хьэпшыпу сом меларди 3-рэ мелуани 122-рэ и уасэ (процентI 109,3-рэ) иращащ.

Цыхьухэм щІэжь хуэащащ сом 1 мелардрэ мелуан 456,9-рэ и уасэ Іуэхутхьэбзэ (нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елыытауэ процентI 115,6-рэ).

2012 гъэм и щІышылэ мазэм ику иту цыхьухэм кьалэрыхьа лэжьапІэр сом 13440-рэ хьуурэ кьабжащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

«XXI лІэщІыгъуэм и пашэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дыгъуасэ щекІуэкІащ сабий, щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм я унафэщІхэр зыхэт «XXI лІэщІыгъуэм и пашэ» 10-нэ урысейпсо зэпеуэр хэгъуэгуэхэм кьыщыдзэгъэпэщ Іэщ1агъэлІхэм я ящэ зэхуэс.

АР КЪЫЗЭІУИХАЩ КъБР-м и жылагъуэ, дин зэгухэныгъэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и къэрал комитетым и тхьэмадэ Пащты Борис. Абы хьэщІэхэмрэ быслымэмрэ кьыхуриджащ кьыщІызэхуэса Іуэхум жыджэру хэтыну.

КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий кьыщыпсалъэм, мыгъэрей зэпеуэхэм теухуа Іуэхугъуэхэр езыр зи унафэщІ еджапІэм зэрыщекІуэкІыр и гуапэ зэрыхъуар кьыхэгъащащ.

«XXI лІэщІыгъуэм и пашэ» епщІанэ урысейпсо зэпеуэр жэпэгъуэу мазэм Налшык кьалэ щекІуэкІынущ. Абы хэтынущ 2012 гъэм мэлыжьыхь - щыщхьэІу мазэхэм Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм щІапІэ-щІыпІэкІэрэ щекІуэкІыну зэхъэзэхуэхэм щытекІуэнухэр.

Нэгъабэрей зэпеуэм и кІэухыр Волгоград кьалэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ Урысей Федерацэм и щІыналъэ 45-м кьикІахэр. Мы гъэм Налшык къэкІуэнухэр нэхъыбэж хъуну хуагъафащэ.

КъБР-м и Парламентым щІалэгъуалэ Іуэхухэм, жылагъуэ зэгухэныгъэхэм, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэныкІэ и комитетым и унафэщІ Хьэщхъуэжь Татьянэ жиІащ зэпеуэм хэтыну ди республикэм кьакІуэ хьэщІэхэр зыхуэей хуэгъэзэным, я лэжьыгъэр тэмэму кьыдэгъэпэщыным теухуауэ ар зи кьалэнхэм лъэкІ кьызэрамыгъэнэнур.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *ейщ.*

Дунейм щІыхьыбарэр

Іэщэкіэ дэІэпыкъунущ

Ираныр дяпэкІи дэІэпыкъунущ Палестинэм и ХАМАС зэщІэхъеонныгъэм. Абы и унафэщІ Махьмуд аз-Захир Тегеран щыІущІащ Исрэльм Республикэм къэрал щІыб Іуэхуэхэмкіэ и министр Алий Акбар Салехи. А зэІущІэм министрым и хьэщІэр къыщигъэгугъуащ сыт и лъэныкъуэкІи Израильм пэщІэтынымкіэ къыдэІэпыкъуну.

- Палестинэ пІэлъэкІым зыщІэгъэкъуэныр ди псэукІэм, ди дин хабзэхэм кьагъэуфу Іуэхугъуэщ, хьэкъыу ди фІыщ мэхъу палестинэхэм я Іуэхугъ къаззэрэулІэнур, - жиІащ Алий Акбар Салехи.

Бэрэжьейм Махьмуд аз-Захир Тегеран щыІущІащ Ираным лъэпкъ щынагъуэмкІэ гъэмкІэ и совет нэхъыщхьэм и унафэщІ Далили Саидрэ парламентым и Іэтащхьэ Лариджани Алийрэ. Абыхэм ХАМАС-м и лІыщхьэр къагъэгугъащ Израильм пэщІэтынымкІэ зыкъыщІагъэкъуэну.

Еджакіэ зыкъаІэт

Чилим и къалащхьэм полицэмрэ щІэныгъэ Іуэхуэхэр къаралым щрагъэфІэкІуэну нуку удийуэ зыкъэзыІэтэ еджакІуэхэмрэ щыІэныщІэуврэ, полицейкІэ 3 уІэгъэ яІащ, студенту цІыху 50 яубыдащ.

Властым хуит имыщІауэ ирагъэкІуэкІ пэкІум кьекІуэлІат курыт еджапІэхэм я еджакІуэрэ студенту цІыху мини 7-м нэс. Ахэр егъэджакІэгъэкІэ министерствэм и унэм хуэкІуэу щежьэм, полицэм кІигъэсэбэпащ нэпс кьыщІэзыух газрэ мафІэсгъэунэкІыфІхэм я псыутхэмрэ.

Апхуэдэ пэкІуэкр мы гъэм Сантьягэ япэу щекІуэкІыну аращ. Нэгъабэ а Іуэхум кьэрал ящІащтауэ щытат. Иджы, гъэ еджагъэущІэм щІидзэкри, а пэкІуэкри зэхаублэжащ. Курыт еджапІэхэм щеджэхэм яукъуэдий бюджетым щыщ ахъшэ зыІэрыхьэ школхэм хьэрычэтыщІэ Іуэху ялэжьыну хуит ямыщІыныр, къэрал еджапІэхэр муниципалитет мылъкуншхэм кьаІэщІэзыжауэ къэралым и власть нэхъыщхьэм Іэщ1эльхьэныр.

Студентхэр щІобэн щІэныгъэ нэхъыщхьэр пщІэнишэу зрагъэгъэуэтыфынымэ, а Іуэхум теуХуауэ псынкІэпсо ферендум егъэкІуэкІыным. Ауэ Чилим и президент Пиньерэ Себастьян кьелъытэ псори пщІэнишэу къэралым иригъэджэныр кьызэрымыгъэпэщыну, зыдэІэпыкъупхьэр хуэмышІауэ псэухэр зэрыарар.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 17, щэбэт

t Ирландием и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Патрик Щихъ и махуэщ

t Илъэс 95-рэ и пэ Киев кьыщыхэзрагъэпэщащ Украинэм и Центральнэ Радэр - Украин эр щхьэхуитым и ялэ хэзгъэпсэхуІэм, узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексэр, хьэщІэщхэр, аквапарк, зыщагъасэ-спорт Іуэхущ1апІэхэр, нэгъуэщІ ухуэныгъэхэр хиубыдэнущ. Курортыщ1эм гектар 40 хуХахащ. А проектым кьраш1элІэну инвестицэхэр сом меларди 10-м нобл1агъэ.

Гъатхэпэм и 19, блыщхьэ

t Псыщ1агъ-хьдзэлІым и махуэщ t Илъэс 90 и пэ Москва, Шаболовкэ лъжьэн щыщІидзащ Шуховым и проектІэ яухуа радиочэщанэм. 30 гъэхэм аращ ялэу телевидениэм и нэтынхэр кьэзытар.

t Гъатхэпэм и 19 - 30-хэм Вена (Австрие) щызэхэтынущ Хьэршыр Іуэху мамырхэмкІэ къэгъэсэбэпныныкІэ ООН-м и комитетым и 51-нэ сессие.

t Гъатхэпэм и 19-м - мэлыжьыхьым и 27-хэм Нью-Йорк щекІуэкІынущ Континент зепсыхьэм я Іуэнапкъэхэмкіэ ООН-м и комиссэм и 51-нэ сессие.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэриІутыкІэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, махуэм щыІэу градуси 2-м щыщІэдзауэ хуабэу градуси 2-м нэс, жэщым щыІэу градуси 4 - 10 щыІэнущ.

Цыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 13-м, кьуэхьэнущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 14-м.

Хьэуам и псыгъэр процент 42 - 75-м кьитІэсэнущ.

Гъатхэпэм и 18, тхьэмахуэ

t Сатум, псэунэгъэм и Іуэхутхьэбзэм, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

ПІалэнтэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО *Зарифи.*

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зыри умыщІэххэ нэхърэ - Іуэху цІыкІу.

Дунейпсо республикэхэм

Сом меларди 10

АБХЪАЗ. ***Республикэм и щІыналъэм 2015 гъэм ирихьэлІэу метр зэбгъуэзнатІэ минищ зыубыдыну теухуа жьы курорт щыхуэну я мурадщ.***

«ГАГРА Парк Марина» ООО компаниеми и унафэщІ Плетнев Глеб зэрыжиІэмкІэ, зыгъэпсэхупІэм, узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексэр, хьэщІэщхэр, аквапарк, зыщагъасэ-спорт Іуэхущ1апІэхэр, нэгъуэщІ ухуэныгъэхэр хиубыдэнущ. Курортыщ1эм гектар 40 хуХахащ. А проектым къраш1элІэну инвестицэхэр сом меларди 10-м нобл1агъэ.

Адыгейри хохьэ

АДЫГЕЙ. ***Москва и «Крокус Экспо» гъэтхэгъэныгъэ центрым нобэ кьыщІэзыІуах «Нитурмаркет-2012» дунейпсо выставэм. Адыгейм туризмым и лъэныкъуэкІэ иІэ зэфІэкІхэр абы щигъэлъэгъэнущ.***

ТУРИЗМЫМРЭ курортхэмкІэ комитетым итхьэхъэзыра экспозицэхэм метр зэбгъуэзнатІэ 48-рэ яубыдынущ. Гъэлъэгъэныгъэм ипкъ иткІэ зэпыщІэныгъэ, зэдэлэжьэныгъэ, зэгурыІуэныгъэхэр зэращыкІэну. Адыгейм и туризмыр нэхъри хэІущыІу ящІыну я мурадщ.

Ар Урысейм и Правительствэмрэ ООН-м и Дунейпсо турист зэгухэныгъэмрэ я щІэзэкъуэну Урысейм щекІуэкІ турист гъэльэгъуэныгъэ закъуэщ. Адыгейр абы иджы еханэу хэтщ.

Сабийхэм папщІэ спорт Іэнатіэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Газпромым - сабийхэм папщІэ» программэм ипкъ иткІэ, 2012 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым спорт Іуэхущ1апІэу 10 щ1ачуэнущ.***

РЕСПУБЛИКЭМ и правительствэм и унафэщІым и къуэдз Уэз Мурат «Газпром Межрегионгаз Пятигорск» ООО-м инвестицэхэмкІэ, ухуэныгъэмрэ мылъкум теухуа лэжьыгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІымрэ КъШР-м и кьалэ, куей администрацэхэм я Іэнатіэм и щІэзэкъуэну Урысейм щекІуэкІ турист гъэльэгъуэныгъэ закъуэщ. Адыгейр абы иджы еханэу хэтщ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид нэгъабэ щэрыкІуэгъуэм и 28-м «Газпром-ОАО-м и правленэм и унафэщІ Миллер Алексей щыІущІам а Іэнатіэм и социальнэ программэхэр, кьапщтэмэ «Газпромым - сабийхэм папщІэ», жьыхуиІэр КъШР-м щыпхагъэкІыну зэгурыІуауэ щытащ. Миллер и унафэкІэ Къэрэшей-Шэрджэсым и муниципалитэ куейуэ 10-м дэтхэнэми зы спорт Іуэхущ1апІэ щ1ачуэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Бахъсэн куей

Псыр яхурикъуркъым

Зенкьуэ, Исльэмей кьуажэщ щыхур зэфэну псымкІэ нэсу кьызэрэзэпэщыным ехьыІа лэжьыгъэхэм нужь йохьэ.

ЗЕИКЪУЭДЭСХЭМ Бахъсэн куей администрацэм зэрызэхьэзыгъэ ЛЬЭУ щыІэу градуси 3-м нэс щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 19-м дакьикъэ 14-м.

Хьэуам и псыгъэр процент 42 - 75-м кьитІэсэнущ.

Гъатхэпэм и 18, тхьэмахуэ

t Планетэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО *Зарифи.*

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зыри умыщІэххэ нэхърэ - Іуэху цІыкІу.

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

ІУЛЪТХЪЭ зэрызэІэпахьм, коррупцэм пыщІа Іуэхуэр зэралъэкъым е ялъэкъыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьэбархэм фыщыригъуэазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

● Терроризм пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым къет

ЩІэпхъаджащІэхэр щы хъурт

Урысейм и ФСБ-мрэ МВД-мрэ я лэжьакІуэхэм дыгъуасэ щІэддыжьым сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 40-м нэсауэ Прохладнэ, Бахъсэн муниципальнэ районхэм я зэпыІуэпІэм дэж, Бахъсэненкэ кьуажэм пэмыжьыжьэу, республикэм и щІыналъэм щІэ щэхурылажьэ банд9 гупхэм хэтхэм ящыщхэр кьыщаубыдыну я мурадщ. «Мерседес» автомашинэр кьагъэувыІэну щыхуежьэм, абы исахэр ІэщІэкІэ къызэзэкІыу щІадзащ. Абы кьыхэкІыу хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм я ящыщхэр.

ЗЭХЭУЭР зэфІэкІа иужь, автомобилыр къыщапІыхьым, абы ираукІыхьауэ щІэпхъаджащІэу щы хърахащ. Ахэр хэт сымэми яубыхуащ. ЯукІа боевикхэр япэкІэ терроризм щІэпхъаджащІэхэр зылэжьахэм, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм ятеуахэм хэтауэ къыщІэкІащ.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм зэрызэхигъэкІамкІэ, бандэ гупым террорист щІэпхъаджагъэхэр щІыху куэд щызэхьхьа щыІэпІэхэм щрагъэкІуэкІыну, республикэм и хабзэхъумэ органхэм я унафэщІхэм ятеуэну я мурадщ.

Зэхэуэр щекІуэкІа щІыпІэм автомат, кІэрахъуэхэр, щалъэ уэздаэр, апхуэдэу псори зэхэту тротил килограмми 8-м и къару зиІэ лагъым Іэрыщ1у зыбжанэ къащагъэтущ.

Иджыпсту мы къэхъукъащІэр зэхагъэкІ, кьагъуэта Іэщэр къащытэн папщІэ КъБР-м щыІэ МВД-м и эксперт-криминалистикэ центрым ягъэхьащ.

СледствиемкІэ органхэм УФ-м и Уголовнэ кодексым и 317, 222 статьяхэм япкъ иткІэ, уголовнэ Іуэху кьызэІуахьыну ягъэхьэзыр.

● КъБР-м и Правительствэм

Зэхъуэкіыныгъэхэр халъхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и зэІущІэ гъатхэпэм и 15-м зэхэтащ. Ариригъэкіуэкіащ Гергер Иван.

КъБР-м и Правительствэм и унафэ 21-м ятеуха проектхэм халъхьэну кьагъэлъэгъуа зэхъэжьІыныгъэхэм щыхэплъа зэхьхьэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэхэу **Жылъ Валер, Уинаев Казым**, Правительствэм хэтхэр, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакІуэхэр.

Республикэм и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Іуэхухэр зезыгъакІуэ **Кьалэ Замир** кьызэхуэсахэр иригъэдзэІуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и Аппарат» къэрал Іуэхущ1апІэ кьызэрэпэщыным и Іуэхукіэ КъБР-м и Правительствэм №34-ПП-м щІэту 2011 гъэм и мазаем и 11-м кьищта унафэм щІэуэ хагъэхьэнухэм. Апхуэдэт «КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Аппаратыр» къэрал казенно Іуэхущ1апІэу ягъэбелджылъжьынырэ, абы и уставым зэхъуэжьныгъэ гъэрхэр зэхьхьэныр. ЗэІущІэм хэтхэр абыхэм арэзы техъуащ.

«2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м КъБР-м и Правительствэм кьищта унафэ №196-ПП-м и проектым зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ», хэхъуэхэр зэщІэзгъэуІуауэ бюджет Іэнатіэм кІуэныр кьызэрэпэщыныкІэ, финанс, бюджет, налог хабзэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъныныкІэ КъБР-м и Правительствэм и комиссэм хэт Абрэдж Іэдиб и пІкІэ Жылэ Валерэ хэтхъэным, кьищыкІэныщІауэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и кьулыкъым зэрэдзэр зэхъуэжьныным теухуауэ КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ **Тымыжь Хьэсэн** кьигъэлъэгъуахэр ІэІэткІэ кьащтащ.

Республикэм и Правительствэм и унафэкІэ, Налшык кьалэр щыщу мылъку дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ щІыхуиблым сом мелуанитІ яхуэхуэным (КъБР-м Финансхэмкіэ и министр **Бышэн Аэрэ**), щытыкІэ гугъэм кьихуэта ныкъуэдыкъуэу. Хэку зауэщхэм и ветерану, хабзэхъумэ Іэнатіэм и лэжьакІуэ зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я щхьэгъэсэхэу мылъкуКІэ зыдэІэпыкъуну кьагъэлъэгъуахэм (КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Къущхьэ Равид**), 2011 гъэм и щІышылэ мазэм ХьэтІохьущыкъуей кьуажэм, 2011 гъэм фокІадэм и 1-м Бахъсэн кьалэм щалэжьа террорист хьэрэщащхэхэм я зэранкІэ зи псэупІэр зэхакъутахэм мылъку яхуэхъунным (УФ-м Гражданэ зыхъумэжьныгъэмкІэ, кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, щІыуэпс кьулейсызыгъэхэм кьрикІуахэр гъэкІуэдыжьныкІэ и министерствэм республикэм щІэ кьудамэ я нэхъыщхьэм и унафэщІ **Шагин Сергей**) теухуауэ кьыхалъхьа проектхэм зэхъхьэм хэтхэр арэзы техъуащ.

Хэку зауэшхэм, лэжьыгъэм, хабзэхъумэ Іэнатіэм и ветеранхэм я республикэкІэ жылагъуэ зэгухэныгъэмрэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэмрэ 2012 гъэм гъатхэпэм и 24-м республикэпсо щэбэт щІыхьэху егъэкІуэкІыным теухуауэ я кьыхалъхьа жэрдэмым КъБР-м и Правительствэм хэтхэр арэзы техъуащ. Кьущхьэ Равид зэрыжІамкІэ, щэбэт щІыхьэхум кьыхэкІыну ахъшэм щыщу сом мин тхурытху трагуэшнущ ныкъуэдыкъуэхэм, Хэку зауэщхэм и ветеранхэмрэ зи щхьэгъэсэ зауэм хэкІуэдахэмрэ. КьыщынэмыщІауэ, зи псэупІэр зэгъэзащІыжьын хуей апхуэдэ щІыхуэхэм мылъкуКІэ ядэІэпыкъунущ.

ЗэІущІэм ІэІэткІэ кьыщащта унафэм тету, «ЖЬы хьуа псэупІэхэм щІэсхэр кьыщІэгъэІэпхъуКІыным, 2012 гъэм республикэм кьат мащІэу зэтет унэхэр щыкуэхьэм зегъэужьыным и Іуэхукіэ» республикэ программэм ипкъ иткІэ кхъахэ хьуа псэупІэ 22-м щІыкІу 201-рэ кьыщІагъэкІынущ. А Іуэхум сом мелуан 80-м щІигу хуэхахынущ. Абы щыщу сом мелуан 62-р псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм и фондым, сом мелуан 18-р республикэ бюджетым кьыхэкІынущ. «2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кьат куэду зэтет унэхэр зэгъэпэщыжьыным и Іуэхукіэ» республикэ программэм тету, Бахъсэн, Налшык, Прохладнэ кьалэ округхэм, Шэрдж, Аруан, Тэрч, Шэджэм, Бахъсэн, Майр муниципалитэ куейхэм я администрацхэм кьата тхыпхъэм ямкІ иткІэ, апхуэдэ псэупІэу 60 зыхуей хуагъэзэнущ. АрэзэфІэгъэжьныным хуэхахыну сом мелуани 142-м щыщу сом мелуани 104-р псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм и фондым, сом мелуан 31-р республикэ бюджетым я мылъкущ. КъБР-м псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Кулиев Мустафирщ** а Іуэхуэхэм тепсэтыхьащ.

Правительствэм и зэІущІэм хэтахэр зыхэплъа нэгъуэщІ Іуэхугъуэ зыбжанэмэ Іэ хуаІэтащ.

ТЕКІУЖЬ Зареті.

■ Зэпеуэхэр ■ Дифі догъэлъапІэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Зэманым декIуу зеужь

Хабзэ зэрыхъуауэ, Урысейм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэм Iэнатlэм (УИС) и лэжьакIуэм и махуэр гъатхэпэм и 12-м ягъэлъапIэ. А Iэнатlэр къызэрыэгъэпэщIэ илъэсри 133-рэ прокIу. Гъэзэкlуэр иregъэхъэкIыныжкI федеральнэ къулыкъым и управленэу КъБР-м щыIэм абы теухуа зэхъкIэ щекIуэкIащ.

КъБР-мкIэ УФСИН-м и Iэтащхьэ Къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Федоров Василий, абы и къуэдзэхуэ Теувэжыкъуэ Мурадин, Болэ Айвар, Понэжь Мурат, къызэрэзэпэщакIуэ-аналитикэ къудамэм и унафэщI Сасыкъ Замир сымэ щыIэгъуэ, зэхъкIэр пресс-конференцIкIэ къыщIидзащ.

Федоров Василий зи махуэ-шхуэр зыгъэлъапIэхэм, кIыхь-зэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъаазэри, УФСИН-м и лэжьыгъэм, зыхуиусэхэм, кIэрпэщIыт кIалэнхэм, Iэнатlэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм кIэщIу кьыгъеувыщащ. Абы кыдэзрыхьэгъащIэщ, дызыхьыжа 2012 гъэм и пэщIдзэм иригъэхьалIэу республикэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм и Iуэхугъэ-гъэзэщIакIуэ илъэс кIуэм теувэн зыгъэтралъхьа цIыху 3800-рэ къыщыхуэтащ. УФСИН-м и Iуэхугъэ-гъэзэщIакIуэ щыIэщ щэч зыхуаущ, зигъэкъуаншэу, гуп зытращыхьауэ цIыху 2775-рэ. Абыхэм я процент 75-р КъБР-м щыщщ. Тезырхэр щагъэзэкIуэж Iэнатlэм и къыщыхутахэм я процент 60-р ягъэтIысащ щIэпхъаджагъэ хьэлъэ е хьэлъэ дыдэ зэрагъэжьам къыкIэнIыу. Суд зытращыхьахэм ящыщу процент 40-р етIуанэу, нэхъыбэрэ къыщIэхуахэщ.

Федоров Василий 2020 гъэ пщIондэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм Урысей Федерацэм зыщIегъэжьыным теухуа концепцэр ФСИН-м и Iуэхугъаlэу КъБР-м щыIэм зэрыщIихгъэкIыным, абы и Iэныкьуэкlэ лъэхъэщхьэр иджыдпэй колониехэмрэ щыIэфIагъэкIхэм, гу нэсыным зыльытахьэхэм, ахэр зэрыпхъагъэкIыну я мурадхэм кьытеуагъэкIыу. Пресс-конференцым хэтахэм журналистхэм я зы упщI жэуапыншу къагъэнакъым.

Тезырыр ещхьыкIэм драгъэкIуэкI социальнэ, психологие, гъэсэныгъэ, педагогикэ лъэжьыгъэ-гъэзэщIакIуэхэм я лъэныкьуэкIэ зэхъкIэ-гъэзэщIакIуэхэм я лъэныкьуэкIэ зэхъкIэ-гъэзэщIакIуэхэм я лъэныкьуэкIэ Iэнатlэм (УИС) и лэжьакIуэм и махуэр гъатхэпэм и 12-м ягъэлъапIэ. А Iэнатlэр къызэрыэгъэпэщIэ илъэсри 133-рэ прокIу. Тезырхэр иregъэхъэкIыныжкI федеральнэ къулыкъым и управленэу КъБР-м щыIэм абы теухуа зэхъкIэ щекIуэкIащ.

КъБР-мкIэ УФСИН-м и Iэтащхьэ Къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Федоров Василий, абы и къуэдзэхуэ Теувэжыкъуэ Мурадин, Болэ Айвар, Понэжь Мурат, къызэрэзэпэщакIуэ-аналитикэ къудамэм и унафэщI Сасыкъ Замир сымэ щыIэгъуэ, зэхъкIэр пресс-конференцIкIэ къыщIидзащ.

Федоров Василий зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм, кIыхь-зэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъаазэри, УФСИН-м и лэжьыгъэм, зыхуиусэхэм, кIэрпэщIыт кIалэнхэм, Iэнатlэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм кIэщIу кьыгъеувыщащ. Абы кыдэзрыхьэгъащIэщ Iэхъущапlэм и комиссэм кьыщIитэу, абы ипкъ иткIэ зыщIар нэхъ пасэу лъэхъуэщым ирагъэкIыжыным. Псори зэлъытыжар тезырхэр щагъэзэкIуэм Iэхъущапlэхэм кьыщIихутахэр абыхэм щызэпэуэ хабзэм тетныщ. А «лифтым» ягъэтIысар лъагэу дришеифынущ щытыкIэ-зыбыгъыкIэ тэмэмым хуэпабгьэмэ, фIым хуэунэтIа нэгъуэщI Iуэхугъэ-хэр кьызыкъухмэ. А псори уэим ишIрэ - нэхьри екуэхьынущ. ЗэрыжьитIащи, кьалэн нэхъыщхьэр дэтхэнэ зыри гъашIэ узыншэм хэпэжьынырц, жьлагъуэм сэбэп кьыхуихьынырц, зыунэтIынырц. Зы льэныкьуэкIи, тутнакъэщым кьыщIихутар щIэпхъаджащIэ, абы и лей зытехьэхэри щIащ. Ауэ зыщIигъэгъупщэн хуейкъым ар зыгуэрым дежкIэ кьуэщ, адэщ, кьуэщ», - жиIащ Болэм.

Колониехэм щекIуэкIыну зэхъуэныныгъэхэм псалъэмакъыр щынэсым, Понэжь Мурат зэрыжиIащи, Каменкэ жыларгъуэм дэт ФК-1-р 2016 гъэм и кIэм иригъэлIэу ягъэ-кьыщIихуэхэр щагъэгъ, цIыху 700-м хуэщIа Iэнатlэм хуагъэкIуэнущ. Налшык кьалэ щауэхуэнущ цIыху 200-м хуэщIа тезырыр хэгъэхьэхуэу ягъэлажьэу щIрахьэжI центр.

Зэхъуэныныгъэхэм теухуа кьыкIэлъыкIуэу упщIэм жэуап щиттым, Федоров Василий зэрыжиIамкIэ, Советскэ поселкэм цIыху 500-м хуэщIа Минерал сырьемкIэ союзэпс щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр (псори Мэзкуу щыIэщ), «Курай» щIэныгъэ-производственнэ фирмэр (Уфа къ.), ЛазерымкIэ союзэпс центр (Самарэ къ.), нэгъуэщIхэри.

1961 гъэ лъандэрэ заводым къыщIигъакI зэрыубгу Iэмэпсымэм щIэупщIэшхуэ иIэщ. Ар куэду къыщагъэсэбэп Кавказым и щIинаплъэм, Памир, Тянь-Шань къушхэм, Колымэ хытIыгум, тенджизхэмрэ хыхэмрэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм. КъызэрызэIухэрэ апхуэдэ налмэс Iэмэпсымэу минитIу ягъэхьэзыфащ.

Акционер обществэр гъэльэгъуэныгъэхэм пащIэ къыщIигъэкIа апэ продукцIэр. Къэрал унафэкIэ заводым и проектыр зыгъэхьэзырар «ГИПРОСТАНОК» институтым и Ленинградэ къудамэрщ.

«ТэрчналмэС» ОАО-р СССР-м и зэман лъандэрэ налмэсым къыщыкIыкI Iэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр нэхъ Iэнатlэ ин дыдэхэм ящыщу кьоклIэхI. Иджыпхэ технологие пэрытым ткIийуэ тету, и Iэдакъэщlэкlым къыщIэхуэр арэзы ищIу, хуэдэ пэщIэдаIуэ-кIэщ япэлъэщу предприятэр мэлажьэ. Дуней псом щызекIуэ технологиехэм къадэкIуэу, абыхэм ефIэкIыу езым игъэнэхуахэри фейдэ пылпу кьеГъэсэфынI. КъыщlагъэкI Iэмэпсымэхэм я фIагъыр егъэфIэкIуэным, нэхъыфIыжхэр къэгупсысыным Iэщlагъэлъэр щIэмычэу йолэжь икIи ар хъарзынэу кьохъуIэ. Абы и щыхьэтщ зыкъыщIэкIыжыр щIэпIэхэмэ. Абы и щыхьэтщ нобэкIэ Iэхъущlафэр - инвестицэ проект хъарзынэхэр щIэхъэзырауэ, ахэр зэрыпхъагъэкIыным йолэжь. «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ завод» ОАО-р фIагъ и лъэныкьуэкIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и саугъэтыр къхьыным теухуауэ 2008 гъэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм и лауреатщ. Ар кьыкухагъэфащащ фIагъ и лъэныкьуэкIэ зыдэIэрагъэкIа ефхъулIэныгъэхэмрэ фIагъымкIэ менеджментым фейдэшхуэ къэзыт и Iэмалхэр кьызэригъэзэфэпымрэ папщIэ. Лёщыгъуэ ныкъуэ зи ныбжь предприятэм цIыху мин 12-м нэблагъэ щызэблэIащ. Абыхэм ящыщу 1310-м илъэс 20 е нэхъыбэж Iэнатlэм иратащ, «Заводым и ветеран» цIэр хуагъэфащащ.

Зэхъуэныныгъэм и илъэс хьалъэхэр зэпIэзэрыпу кьыхъэзыкIа «Тэрчналмэс» акционер обществэ зэIуэам дяпэкIи и зэфIэкIым зэрыжигъэхъуэным, республикэм и зыужьыныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ зэрыкуцIыным Iэщlэхэр кьыхуелIыхьэу, гуп зэкъуэтым и къарур а мурадыфIэхэм хуеунэт.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ГуфIэгъуэ зэхьхьэ

Сурэтыр Холлаевэ Любэ *трихащ.*

● Промышленность

Я Iэдакъэщlэкlыр дунейпсо утыкум къыщалъытэ

Республикэм и промышленнэ предприятэ пащIэхэм икIи нэхъыжьхэм ящыщ «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ завод» акционер обществэ зэIуэам и тхыдэр 1961 гъэм къыщыхъу. А илъэсым и щIэпIэм абы ягъэуцIащ Совет Союзым и машинэхуэхэм папщIэ къыщIигъэкIа апэ продукцIэр. Къэрал унафэкIэ заводым и проектыр зыгъэхьэзырар «ГИПРОСТАНОК» институтым и Ленинградэ къудамэрщ.

Минерал сырьемкIэ союзэпс щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр (псори Мэзкуу щыIэщ), «Курай» щIэныгъэ-производственнэ фирмэр (Уфа къ.), ЛазерымкIэ союзэпс центр (Самарэ къ.), нэгъуэщIхэри.

1961 гъэ лъандэрэ заводым къыщIигъакI зэрыубгу Iэмэпсымэм щIэупщIэшхуэ иIэщ. Ар куэду къыщагъэсэбэп Кавказым и щIинаплъэм, Памир, Тянь-Шань къушхэм, Колымэ хытIыгум, тенджизхэмрэ хыхэмрэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм. КъызэрызэIухэрэ апхуэдэ налмэс Iэмэпсымэу минитIу ягъэхьэзыфащ.

Акционер обществэр гъэльэгъуэныгъэхэм ящыщу хэтщ. КъащIотмэ, 1999 гъэм Кельн къалэм щызэхэта «Машинэхуэхэмрэ металлургиемрэ» жыхуиIа выставкэм и Iэдакъэщlэкlым пщIэшхуэ къыщыхуащIащ. Къыкlэлъыкlуэ илъэсым Донн Іус Ростов щызэхэта дунейпсо гъэльэгъуэныгъэм дыщэ диплом къыщыгъэфащащ. Алмаз Iэмэпсымэм илъэсыр дуней псом щынэхъ цIэрыIуэ фирмэхэм я зэхуэсу Мэзкуу къыщыщызэрагъэпэща «Интерполи-2000» выставкэшхуэм, «Урысейм и налмэсхэр» гъэпэсу гъэныгъэм (Екатеринбург), нэгъуэщI куэдхэми Тэрч заводым и продукцэр нэхъыфI дыдэхэм ящыщу щыщIатыгащ.

Дызэрыщыгъуэзащи, Къэбэрдей-Балькъэр-рыем и экономикэм и пIалъэкIэр кьызэрыщIэпэщ промышленнэ комплексыр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ, республикэм и Правительствэм къыщIащ машинэ щIыным, гъуэщIым елэжьыным, гъуэщI щIуугъэным, промышленнэ псынщIэм, пхъэм елэжь промышленнэ-ныстым зегъэужьыныныкIэ Концепцэ. Абы щыгубзыхуащ пIалъэ кIыхьым тещIыхьа Iуэхугъуэ нэхъыщIыхьэр. Зэблэкlыгъуэ лъэхъэнэм щытыкIэ гугъуэм кьихутауэ щытами, а пIалъэпощхьэпохэр тегушхуауэ, зэпIэзэрыту къызэрихьащIа. Абы и щыхьэтщ нобэкIэ Iэхъущlафэр - инвестицэ проект хъарзынэхэр щIэхъэзырауэ, ахэр зэрыпхъагъэкIыным йолэжь. «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ завод» ОАО-р фIагъ и лъэныкьуэкIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и саугъэтыр къхьыным теухуауэ 2008 гъэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм и лауреатщ. Ар кьыкухагъэфащащ фIагъ и лъэныкьуэкIэ зыдэIэрагъэкIа ефхъулIэныгъэхэмрэ фIагъымкIэ менеджментым фейдэшхуэ къэзыт и Iэмалхэр кьызэригъэзэфэпымрэ папщIэ. Лёщыгъуэ ныкъуэ зи ныбжь предприятэм цIыху мин 12-м нэблагъэ щызэблэIащ. Абыхэм ящыщу 1310-м илъэс 20 е нэхъыбэж Iэнатlэм иратащ, «Заводым и ветеран» цIэр хуагъэфащащ.

Зэхъуэныныгъэм и илъэс хьалъэхэр зэпIэзэрыту кьызэзыхьэкIа «Тэрчналмэс» акционер обществэ зэIуэам дяпэкIи и зэфIэкIым зэрыжигъэхъуэным, республикэм и зыужьыныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ зэрыкуцIыным Iэщlэхэр кьыхуелIыхьэу, гуп зэкъуэтым и къарур а мурадыфIэхэм хуеунэт.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ельцин Борис кьыхуэблэгъащ. *1990 гъэ*

«Шатлл» хьэрш кхъухьым къокIыж. *США, 1998 гъэ*

● ДифI догъэзытапIэ

Адыгэ тельыджэ Лий Адэлджэрий

***«Сымэджымыгъупщажауэ пIэрэ Кишинев щыщ хьыджэбз нэ фIыщIэ цIыкIур? Щэ бжыгъэ хъунщ гъащIэм и ней къыщыхуауэ ябжьу уи Іо зыльэIэсахэр. ЯбыныкъуэкIэ я бобанэр. Ябыгъуэ кьыпхуашэрт, адрей-хэр зэпалъегъуэ кьыпхуахьырт, псэуху Іэрызэхьэу зэрыщытынымк Іуэнчъэмрэ хэу, я гур яфIэкIуэдарэ нэпс фIэкIа зыри ямыIэжу. Уэ пхуэзэфIэкIыну я фIащ емхъуэр къохъулIэрт, дадэхэри нанэхэри кьызэфIэуэвэжырт, сабийхэм я нэм нэху кьыщIидзэжырт. Сэри кьысытысащ апхуэдэ фIыгъэ».** Мы сатыр эхэр медицинэ щIэныгъэхэм я борбачев, профессор, УФ-ми хамэ къэрал куэдми цIэ льапIэхэмрэ къеблагъэ! Іэтмэ пхуэмыхуэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэфэща Лий Адэлджэрий игъэхъуэжа сымаджэхэм къабгъэдэкI тхыгъэхэм языгъэхэщ. Дохутырым и гум а псалъэхэр сыт хуэдэ саугъэтми нэхърэ куэдкIэ нэхъ кьохуэбылIэ: арэзыу цIыху бгъэдэкIыжьыр нэхъ льапIэ сыт щыIэ? ФIыщIэ псалъэ ящыныкъуэхэр къызэрыгуэкI бзэкIэ тхащ, адрейхэр усэбзэщ. Ящэщ абыхэм нэхъ кьулыкъущIэ льагъэ дыдэхэм къабгъэдэкIи. Политикэм, гъуэзджэм, спортым, экономикэм, щIэнхабзэм я «ваГъуэхэр» - эи Іэм Іащ Іэкlа» Лийм дежкIэ цIыху псори зэхуэдэщ. «Си сымаджэщ щIэты цIыху телъыджэхэр», - арауэ ар псоми зэрэджэр. Политик щIэрыIуэхэу Горбачев Михаил, Ельцин Борис, КIуэкIуэ Валерэ, Мамхэгъ Михаил, Молдовэ къэралым и президентхэу Воронин Владимир, Лучинский Пётр, Къэзахъстаным и президент Назарбаев Нурсултан, Тхаиландэ-уэсапэу Мэзфащ Iсхьэкъ, Гамзатов Расул, уэрэджыIакIуэ Лещенко Лев - мыхэр псори, дауи, дэтхэнэ зыми дащхьэ дэIэпыкъуэгъу хуэнькIуэ цIыху кьызэрыгуэкIхэт.

Адэлджэрий и гукъэкIыжхэр медицинэмрэ къэралыгъуэ Іуэхугъэ я щIэныгъуэхэм къэпльытэфынущ, цIыхур «узым и Іэгъуэблагъэм щIытыр» нэфI-ней хэмыльу кьыщIигъэльагъуэкIэ. Гъэщlэгъуэну ар зытепсэльыхьыжхэм ящщ Горбачев Михаил. «Къысщыгуфlыкlыу сэлам кьызихащ: «Профессор кьысуэкIыну щIэпIэм мыцIыху гуэр си гугъаи, уэрэ сэрэ Ставрополь сызэрыщIэзэ эман пьандэрэ дызэрощIыху. Пlо, уеIэзэну генсекым?» «Сеплъыщ, Михаил Сергеевич, сызэрэфIэкIмэ», - жеIэжащ. Дапщэрэ сыхуэзами, кьэгубжьауэ зэ фIэкIа слъэгъуакъым. «Демократие» жьпIэуэрэ цIыхухэр бутIыпщIыауэ, унафэр тIэкIу щIэкъэузэн хуеиIу», - жаIэу кьэщIыжагъэзыхьым, жэуап яритащ: «Джыдэ зыIыгъ пащтыхь фыхуеймэ, нэгъуэщI къэфIэлъхуэ».

Лий Адэлджэрий Іэмырбий и кIэрэр Бжьэдыгъуэрэ-лэ (Краснодар) зи кьалащхьэ краим и Успенскэ куейм хьихьэ Къаснокъуей жылагъуэм 1942 гъэм гъатхэпэм и 16-м кьыщалъхуащ. Адэлджэрий и Іэщlагъэм хуеджэным и лъабжьэ дыдэм - медучилищэм - кьыщщIидзащ. Дохутыр хъунымрэ ехъуэпсэныр къызыхэкIа щхьэусыгъуэр кьызэрыгуэкI дыдэщ: бгы узым зи фэр ирих адэр фIогуэныех хъурт, зэрыщIалъэ цIыкIуэр хущхъуэхэр кьыхуигъуэту, дохутыр кьыхуишу еIлаIэрти, а кьалэныр нэгъэсауэ игъэзащIэну хэтауэ аращ. Іэщlагъэр щIэныгъэрэ уиIэныкмрэ хуэгъэфэщэ «хущхъуэхIэ» уэлэзэжьыкмрэ я зэхуакур Адэлджэрий и гукъэкIыжхэм къыхоуц: «Бгы узыр зэрыбгъэхъуж хъун Іэмалу ямыгъэхъыбар щIэIэтэкъым. Зы ней бэрэ (укоус) гуащIэм зэрызэупс майсипщI (лезвие) хэбдзэу, гъущIыр хэткIухьа нэужь, абыкIэ уи щIыбыр пыштIэн хуейуэ жиIэт. Адрейм «Хьуэ, маисэкъым, цыджан мастэ тIощI хыумыгъэткIыхьмэ сэбэп хъунукъым» кьыщIигъурт. Кьэджадзэр, зэрахабзэу, Іэмал псоми епльырт. Ди адэм и щIыбыр жьихьэнмэм щызэхащIа пэпльыта а псымкIэ ятхъунщIырт, и фэр тельэфыкIэрт а елэзэкIэ кьомым я ужькIэ, итIани зуыр увыIэртэжьым».

Лий Адэлджэрий 1988 гъэм Совет Союзым щыпсэу дыдэу «Мануальнэ терапиемкIэ кафедрэ» Ставрополь медицинэмкIэ и институтым къыщызэIуихащ. Кисловодск къалэм дэту. А дохутыр Іэзэкlэ Іэмалым зи Іуэху зэрихъэр кьызэрыгуэкI псэльэкIэм кьыбгъэзэгъэну уэхуэкъэмэ, «Іэкlэ гуапэжьын» мыхьэнэм пэгъуэнэгъущ. Щlыфэ уэхэм зэрелэзэ «ыштIэн» бгъэдыхьэкIэр, игъашlэ льэндэри адыгэхэм къадэгъэгурыкIэрэ, уигу къеГъэкIыж. Адэлджэрий и фIащ ищIын щхьэкIэ къаруушуэ тригъэзыудащ. Псом нэхъри нэхъ гугъуэ кьэхутэныгъэхэр хабзэм кьигъэзэгъэн щыхуейм и дежщ. УнафэщIэм «мануальнэ терапевт» Іэщlагъэ щымыIэу зэрымыхъунур кьагуригъэIуэху, бжэшхуэ зэщIэ Іуихьын хуей хьуащ Адэлджэрий. Гу лъмытэнкIэ Іэмал иIэжым нобэ тхъ уэрэ, «остеохондроз» жыхуаIэжьым, щIыху кхуэ дыдэ зэригъэгъэзэм. «Уэ зэрэджыкIэхэм я гъэхъужькIэр Іэпкьлъэпкьым и зэхуэ епхуа Іуэхуитым, ахэр щIэрыщIэу гъащIэм кьыхэпшэж пэлъытащ», - жеIэ дохутырым. - Аращ вертеброневрологиемкIэ щIэныгъэлI куэд димыIэу щIэмыхъунур».

Адэлджэрий ехъулIэныгъашхэу зэрэпсэр кьыщалъытащ Урысей Федерацэми, хамэ къэралхэми. Адыгэ Республикэми, КъБР-ми, КъШР-ми пщIэшхуэ кьыщыхуащI. Махиущ хуэдэу аращ Лий Адэлджэрий «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лъэжьакIуэ» цIэр зэрыфIащр.

Гугъуэ Лий профессорым и лъэ зытемыува щIыналъэ къэбгъэуэтыну, игъэхъужа цIыхухэм я бжьыгъэ къэлпльэтэну. Ауэ псом нэхъри нэхъ льапIэр зэхэгъэж лъэпкъ зымыщI цIыхуу, дохутыр гуманщIэу къызэрыпэжьыр а ящ, Абы и щыхьэту, Адэлджэрий фIы дыдэу илъагъу нэмыцэ дохутыр Швенингер и псалъэхэр кьежьа. «Мы дунейм и щIэгъэхъуэну зызыбжьыжхэр хэгъэрей сщIыну зэи сыхэтакъым сэ. Абыхэм ныбжьэгъу кьысухуэуа ихэтмэ, ар езыр-езырыр кьэжьауэ».

И лэжьыгъэр хьэлэлу езыхьэкI дэтхэнэ зыми ар кьызыгурыIэн унагъуэ имыIэмэ, и насыпыр щIэзыгъэкъым. Адэлджэрий Іащlагъэмрэ насыпымрэ зэкIуэ зрита закъуэтIакъуэхэм ящыщщ. Раисэрэ Адэлджэрийрэ ялхъу Ленэрэ я къуэ Русланрэ къащIэхъуауэ къуэрыпльхъу-пхъурыпльхъухэм я кьыкIэлъыкIуэ ныбжьым зэгубзаху, бынымк Іэ бынымрэ я бынымрэ ялъэгъащ.

Гъащlэм хуиIэ зэхэщIыкIым зиубгъуху и арэзыныгъэм хэхъуэу, Іэщlагъэмрэ щIэныгъэмрэ кьрат дэрэжэгъуэр насыпу и пщэдэйм кьыхуэзыу ди нэхъыжьыфIыр Тхьэм иджыри кьуэдрэ дяпэ ягурэт.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.

● ЩIэныгъэ

Мамырыгъэм и телъхьэхэр

«Іуащхьэмахуэ» илубым и 10-нэ сессие зэхэтащ. Ар щекIуэкIащ Іуащхьэмахуэ къапэ щылажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ базэм.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэщ УФ-м и Правительствэм финансэмкIэ и университетым, ЩIУА-м экономикэмкIэ и институтым, Урысейм и ЮНОМ-м, «Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмкIэ федерацэ» урысей щIыхьэ зэгухьэныгъэм, ЩIУА-м политологиемкIэ и управленэм я лIыкIуэхэр.

МАХУИЩ зэкIэлъыкIуэкIэ зэхэта сессиер зыхуэунэтIауэ щытар Кавказ Ищхьэрэм и жылагъуэ щыгъуэхэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэдэмрэ мы щIыпIэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным теухуауэ лэжьыпхъэхэмрэщ.

Сессием щытепсэльыхьащ нобэ Урысеймрэ Кавказ Ищхьэрэмрэ щекIуэкI Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхугъуэхэр. Абыхэм я щIэныгъэхэм абыхэм я щIэныгъэ зэрехьэлIэ щыкIэхэм, нэгъуэщIхэм. ЩIэныгъэлIхэм зэрэпхрахащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм зегъэужьыным теухуа Іуэху епльыкIэмэхэр щIэуэ я кьунэхуа хэкIыпIэхэмрэ.

Зэпсэльэныгъэм хэтахэм зэдзэрэзыуэ кьыхьалъхьащ Кавказ Ищхьэрэм хиубыдэ щIыналъэхэм къыщыхьэрэ дэтхэнэ зы зэныкъуэкъуныгъэми, зэхъуэныныгъэмэ кьежьапIэ яхуэхъуэхэр щIэныгъэ и лъэныкьуэкIэ нэсу зэпкърыхьын икIи мыпхуэдэ зэIущIэхэр щIэхъыбэхуэ егъэлажьэным зэрэхъуэр. 10-нэ урысейпсо сессиер щIэныгъэмкIэ Урысей Академиемк Іыгъуэ Іуэхуэхэмкl э и управленэмрэ политологиемкIэ и къудамэмрэ я нэIэ тету екIуэкIащ.

ЖАНХЪУЭТ Зэуэ.

● Волейбол

Абы псори зэрешалIэ

Исылэмей къуажэм дэт курыт школ №1-м хабзэ щыгъуэзагъэ илъэс щрагъэкIуэкI волейбольмкIэ гъатхэ зэхъэзэхуэхэр. Ар къызэрегъэпэщ Бахъсэн районым и егъэджакIуэхэм я профсоюз комитетым.

ЕПЛ'ЪЫНУ къекIуэ-Iэтхэм я гукъыдэжьр кьиIэту, нэгъуэшхьу къызэрагъэпэща мы зэхъэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ Исылэмей и къуажэм дэт курыт школ №1, №3-хэм я командэ къыхэхахэм. ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Исылэмей и МОУ СОШ №4-м, Псыхъуэрей жылагъуэм и спортсменхэр ещанэм. ВолейболымкIэ зэхъэзэхуэр екъуIэнныгъэкIэ къезыхьэлIа гупхэм ахъшэ саугъэтхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ ираташ.

Зэпеуэм щытекIуа командхэрэ я мызакъуэу, саугъэт лъапIэхэмкIэ щхьэхуэу я щIэ къраIуащ илъэс куэд лъандэрэ ялъхуэ дежкIуэм хэт нэхъыжьхэмрэ мы гъэм абы хагъэхьа нэхъыщIэхэмрэ. Тыгъэхэр спортсменхэм я ираташ икIи къэхуэ псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ егъэджэныгъэмкIэ кьеIуэ управленэм и унафэщI Абрэдж Тамарэрэ профсоюзхэм я район комитетым и Іэтащхьэ Мэхъ Хьэсэнрэ. КъызэрэгъэпэщакIуэхэм къызэрагъэпытэмкIэ, илъэс кьэс иджы хуэдэ гъатхэ лъэхъэнэм ирагъэкIуэкI зэхъэзэхуэхэм мы-хьэбэ спортым дестхэхъуэным и мызакъуэу, егъэджакIуэ гупхэр нэхъри зэкъуэтъуэвэныжкIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Унэр къащащым

КъБР-м и хабзэхъумэхэм террор щынагъуэр гъэмэщIэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI рейдгуэрыкIэхэм иткIэ, Бахъсэн къуажэм щыпсэу Дыгулыбгъуэй къуажэм щыпсэу 1981 гъэм къальуа цIыхухъэм и унэр гъатхэпэм и 12-м къащащ. Іэкlэ-гъэзэщ, дотэнэгри рамм 200 хъуэу, тротил шашкитI, электроклапсэхэр, «Кассио» - электрон сыхьат, промыдиненэ зэхэтрудэтелитар, камуфлимированнэ фащуэ 2, хущхъуэхкIэхэр абы кьыкъуэхащ.

Кьыгтракар КъБР-мкIэ МВД-м и Экспертнэ-криминалистэ центрым ягъэхьащ.

Бысымыр щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэм ящыщIамэ зэхащ. Следствэ Іуэхугъэ ирагъэкIуэкI.

Тырныауздэсым къыкъуах

Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ куейм кIэ и къудамэм и Іэжьакlуэхэм, мызэ-мыгъэу суд зытращIыхьауэ щыта Тырныауз хьалэм щыпсэуфэ и фэтэрыр, абыкIэ хуитныныгъэ яIэу, къызэрыкIуэм, къэкIыгъэм къыхэщыкIа наркотик икIи гъэм 74,6-рэ мэзкъу. Іуэхур зэхащIэкI.

Къэрал кIуэцI Іуэхугъэмкlэ и министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхугъэлlэ.

● Къэрал кIуэцI Іуэхугъэмкlэ и министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхугъэлlэ.

Лъэхъэнэ блэкIам и макъамэхэр

● Аруан куей

Аруан район администрацэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэмрэ куейм и литературэ студиемрэ я жэрдэмкIэ екIуэкIащ совет лъэхъэнэм и усакIуэ щIрыIуэхэу Казаковэ Риммэрэ Ахмадулинэ Бэллэрэ я творческэ гъэуганэм теухуа литературэ пшыхь.

АБЫ И КЪАЛЭН нэхъыщхьэу щытар ди къэрэрыбзэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ литературэмрэ зыужьыныгъэ ин щигъуэта зэманым дуней кьытехьа Іэдакъэщlэкl нэхъыфIхэм кьыдэкIуэтей щIэблэр щыгъуаз щIыныщ. Ар траухуат мы махуэхэм Казаковэ Риммэ кьызэралъхуэр илъэс 80, Ахмадулинэ Бэллэ илъэс 75-рэ щрикъум.

Лъэхъэнэ блэкIам и усэхэр иужьрей зэманым нэхъыбэрэ кьыщIаIэтыжым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэм мы усакIуэхэр къэралым и зыужьыныгъэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, мамырыгъэр хъумэным куэдкIэ тепльэжьу зэрыщытар. Уеблэмэ, ахэр сызэхэри жьыдэжу хэтт хэкум щекIуэкI уэхуныгъэ нэхъ ин дыдэхэм, я гугъуэ щыхьэлъхьэм нэмыщI, я нэкIэ цIыхубэ гъащIэм и куупIэм хэпльэу. ГуащlэдэкI кьабзэр, гущIэгъур, гулыитэр, зэкъуэщныныгъэр зи лъабжьэ усэ сатырэхэр фIым укьыхуезыджэдерсэмкIэ гъэщIат. Арат ахэр кьыдэкIуэтей щIэблэм гъуазэу кьыщащтэрэ.

Пшыхьым кьрихьэлIащ Нарткъалэ и курыт еджапIэхэм щеджэхэр, куейм и литературэ студием хэтхэр. Ахэр ирагъэдэIуащ удэзыхьэх зэхуэсым абыхэм кьытращIыкIа зэрэдэхэмрэ, литературэ-макъамэ тепльэгъэхэр ягъэльэгъуащ.

ЛЬОСТЭН Музэ.

Щ1эныгъэ куурэ ц1ыхугъэ лъагэрэ зи1э Къэрмокъуэ Хьэмид 75

Анэдэлъхубзэм и пащтыхь

Лъэпкь литературэр зым и Ідакъэщ1экІыым, абы и лъабжьэгъэт1ыль, зи щ1э хэ1ущ1ыу хьухэм яэмыщ1, абы и зыужьыныгъэм тхакІуэ-усакІуэ, щ1эныгъэл1 куэд псэемыблэжу хуолажьэ, яхуэхф1экІ хуащ1э. Куэдрэ я щ1э кьрамыІуэми, абыхэм пщ1э яхуэщ1ыпхэщ, кьалэжьри, лъэпкым хуащ1эр гъэкІуэдын хуейкьыми. Апхуэдэщ илъэс тхущ1ым щ1игъуауэ адыгэ литературэр зи Іэпэгъу Іуэрыпсэм и Хьэмид. Щ1эныгъэ куу зыбгъэдэль, зи анэдэлъхубзэр нэгъэсауэ фІыуэ зыщ1э адыгэлІым лэжьыгъэ гъэщ1эгъуэн куэд и Іэдакъэ зыщ1экІащ, ахэр Іуэрыпсымрэ литературэмрэ я Іуэху нэхъыщхьэхэм теухуащ икІи куэд щІауэ хэкум и тхыльеджэхэм гунэс ящы-хьащ.

Гулиа Дмитрий, Іэщ1ын Хьэзрэт сымэ ятеуухуа лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр. Щ1э, гъэщ1эгъуэн куэд кьащ1ихтащ Къэрмокъуэ Хьэмид нарт эпосым, Іуэрыпсатэм и жанр щхьэхуэхэм.

Адыгэ Іуэрыпсатэр Къэрмокъуэ Хьэмид фІыуэ эрилъагъэм, куууэ эзрищ1эм и щІыхьэт наІуэщ лэжьыгъэ купщІафІэу абы и Іэдакъэ кьащ1экІуэр. Ауэ абы кьыдэкІуэн щ1эныгъэлІыр ерыщу ижь итщ Іуэрыпсатэм и мыхьэнэр, и дахагъыр, щІэль гупсысэжм я кууагъыр иджырей тхьылъеджэхэм кьаэзрыгуригъэІуэным. Іуэрыпсатэм и тхыгъэхэр зэлъхуэхьсауэ эзрыт тхьыль зыбжанэ Къэрмокъуэм кьыдигъэкІащ, абы нэмыщІкІэ газетхэмрэ журналхэмрэ пІалъэ-пІалъэкІэрэ кьытохуэ Хьэмид зэхуихьэсыжа таурыхьхэмрэ хьыбархэмрэ. Ди цІыхухэм, псом хуэмыдэу сабийхэм, фІыуэ ятьэгъащ Къэрмокъуэ Хьэмид и тхыльхэу «Жьр пыІэр» (1970), «Бажэ пшынэр» (1971), «Таурыхьхэр» (1994), «Нартхэр» (1996).

Лъэпкъхэр нэхъыфІу эзрыщІыхун, зэныбжьэгъуэ бжыгъэ эку дэтлъин папщІэ, мыхьэнэшхуэ и1эщ нэгъуэщІ лъэпкъхэм я художественнэ тхыгъэхэр ди бзэмкІэ зэдзэкІыным. И лэжьыгъэм зэрыпсэрыврэ а Іуэхум гульытэщхуэ Къэрмокъуэм хуеиІ, икІи фІы дыдэу кьохьуІэ адыгэбзэрэ урысбзэри фІыуэ з эрищ1эм и фІыгъэкІэ. Абы зэридзэкІа тхыгъэхэм я нэхъыбэр лъэпкъ тхыгъэхэм яхьыкьащ, нэгъуэщІбзэкІэ тхыгъэ щытауэ гу лъымыгъэжу Къэрмокъуэ Хьэмид зэрридзэкІаща Къаз-Джэрий и «Хьэжьитім-гъуэй ерыщ», Кашэ Адзеджэрий (Кьалэмбий) и рассказхэр, «Абрэджэр», «Іуащ1хьэ щыгум» повестхэр, КІэрашэ Тембот и повесть «Шапсиг пщащ1эр», «Шу закъуэ» романыр, Шинкілуб Багърэт и «Жылакі» романыр. Абыхэм нэмыщІкІэ Хьэмид адыгэбзэкІэ «къитІэпсэльащ» Толстой Лев, Тургенев Иван, Горький Максим, Шолохов Михаил сымэ я тхыгъэ щхьэхуэхэр.

АБАЗЭ Албэч,
филологие щ1эныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент.

Щ1эиным я нэхъ лъапІэ

Нобэ къэбэрдей-шэрджэс диалектым иритэхэм яхэт-кым, сэ кьыдэрысщ1ыхьымкІэ, Къэрмокъуэ Хьэмид и бзэ дахэ гурыІуэгъуэфІэмрэ къигъэсебэп стилистикэмрэ хуэдэ зи1э. Абы щ1ыхьэт лей тохъуэ Хьэмид зэридзэкІа Кьандур Мухьадин и «Кавказ» трилогиемрэ хэхэс адыгэ тхакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІ кьыкъэхахэр зэрыт «Щ1эин» тхылъымрэ.

«Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм щылажьэхэм я хьэщІэщ Шорт эн Аскэрбийр балькъэр усакІуэ Мокаев Магометр. *1973 гъэ*



КъБР-м щ1ихабзэмкІэ и министр Тут Заур Щ1ыхь тхыль кърет. *2007 гъэ*

КъЫХЭГЪЭЩ1ПХЪЭУ къэзыолъытэ, «Щ1эиным» ихуэхэм ящыщу франджы литературэм и классик хуэ ХьэІишэтрэ (Аиссе) дунейпсо литературэм и классик ХьэткъуэУ Умаррэ (Омер Сейфедин) я Іэдакъэщ1экІ-хэр зытет лъагаПэхэр имыгъэлъэхъшэн, я купщІэр имыгъэмэщІэн Къэрмокъуэм къыдэрехъуІар.

Кьандур Мухьадин индж1ылызыбзэкІэ итха и трилогиер адыгэбзэм изыгъэзэгъар эзры-Хьэмидыр куэдым ящ1эркъым, зэдзэкІакІуэм и щІэр тхылъым традзэу абы идатэкъым.

Къэрмокъуэм хуэдэу лъэпкъыр фІыуэ зылъагъу цІыху сэ зэи срихьэлІакъым. Абы адыгэм хуищІэнур нэгъуэщІхэм яхуэзфІэмыкІыну гуащІэдэкІ хэхамкІэ кьеГъалъагъуэ. Хьэмид и хьэл-щэнхэм хуэдэ зыхьэлъ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэгъуэтыгъуейщ. Абы и дуней тетыкІэр, и щхьэмрэ и лэжьыгъэмрэ ткІийуэ эзрахущытыжыр щапхъэ зытепх хъуну защІэщ.

Сэ срогушхуэ Къэрмокъуэм Гъузер и къуэ Хьэмид хуэдэ лЫ щыпкъэ, тхакІуэ, литературэхутэ щ1эдкащэ ди Зеикъуэ къуажэм къызэрыдэкІам.

ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Апхуэдэущ зэрыщытын хуейри

ЗИ ГУГЪУ фхуэсщІ Къэрмокъуэ Хьэмид и гъащІэр апхуэдизу Іуэхуфі эмкІэ гъэнщІащи, тхылъ псо тёбухуэми, мащІэ хъунущ. Жьпіэнурамэ, ар сыткіи яхуэбгъадэ хъунущ нэхъыпэм лъэпкъым хуэлэжьэным зи кьаруу, щІэныгъэ псори ёзыхьэлІэ адыгэ уэрщІакІуэхэу тхыдэм къыхэнахэм. Сэ сыхущІэжьунущ апхуэдэу щІыкІэр къыгурызгъэІуэну, ауэ ящэ щІыкІэ и къеГуэкІуэным ящыщу ящапхъэ зытепх хъуну защІэщ.

Сэ сыкъежащ Къэрмокъуэм и литературэ хъыгъэ куэдми. Абы нэхъ зытриГащІэр тхакІуэм е усакІуэм нэхъ къеХъуІарщ.

Мис апхуэдэу сызым и гущІэ ин адыгэ Іуэхум хелъхьэ зи гугъу тщІы цІыхум. И ныбжьыгъуэхм, лэжьыгъэкІэ кьыпыщІэхэм фІы дыдэу ящІэ абы зэфІигъэкІ Іуэхур зыхуэдизыр, ауэ щ1ымыгуаззэхэр нэхъыбэжщ. Ар къызыхэкІри зы щхьэусыгуэкІэ: Хьэмид ящ1ыщхьм «Сэ сыадыгэщ1», «Сэ сымыпхуэдэщ, фэ сытым фЫщ1щ?!» жызыІэу зызыгъэпІейхэм. Абы хуабжьу и жагъуэ утыку. ТелевидеэнэкІи радиокІи къэпсалъэ пльагъунукъым. Ар ёзым и пльэхьэхуолажьэ, абы папщІэ фІыщІэ гуэри хуейкъым. Апхуэдизу и кьыщ1ыныщ псэкупсэ нэхэыр зэрыщытын хуейри.

Ди псалъэм щІыдгъужьнщ нэхъыжьыфІыр унагъэжІэ зэрынасыпІэр. Абы илъэсгуащ и бынхэм кьалъхуахэм я бынжьэхэр.

Къэрмокъуэ Хьэмид иджыри и кьару илъыгъэщ, дэрэжэгъуэ ин хэлъщ. Ди гуапэщ ар дяпэкІи гуащІафІэу ди лъэпкъым, кьытщІэхьуэ щІэблэм хуэлэжьэну.

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м щ1ыхь зи1э и журналист.

Лъэужь дахэ

Дэтхэнэ зы цІыхум дежкІи гъащІэм щынэхъыщхьэ дыдэр зытет дунейм лъэужь дахэ къытриныкьыр, ар лъэпкІым папщІэ абы уемыдэщ1ыжу ухуэлэжьэн хуейщ. Мы тхыгъэ кІэщІыр зытеуха Къэрмокъуэ Хьэмид а къалэн гугъур зыхуэзэфІэкІыну щІыху насыпыфІэхэм ящыщу къызэлытхтэ. Ар хьэл дахэ зыхэлъ цІыху губзыгъэщ, акъылыфІэщ, щІэныгъэ куу ёгъадэлъу, лэжьыгъэхуэщ, ушэтІ къэбзэрыгъэ хэ1этыкІахэм зыри яхэткъым Хьэмид къэзыцІыхуэр щІыкІэт зытемыхъуэфын.

МЫ КЪЭРМОКЪУЭ нэхъыжьыр мы Къэрмокъуэ нэхъыщІэм сыту хуабжьу щІытхъуэрэ кьыскъужьызыІэн щІэІэнкІэ хъунщ. Ари сщІэжу икІи сытемыухІытыхьу зыужьыгъэ и псалъэр. ЖысІам щІызгъужьнщи, сэ Хьэмид къызолъытэ адыгэлІ нэсу, хэкуІ зыхужьпІэ хунту щІыху лапІэу. Зы дагъуэ зимыІэ цІыху щыІэкІыным жаІэ, Хьэмид апхуэдэ къыхуэпльыхьэнымэ, зэрысабийрыщэрщ, и щхьэр зыхэтым зэрыхимыгъэфІыкІырщ, зызыхъунщІэу дунейм тет цІыхухэм зэращымыщырщ.

Хьэмид языхэщ зи адэр зауэм хэкІуадзу зауэ нэужь къэзыбыр зи нэгу щІэкІахэм. Хьэмид и къуэш нэхъыжьи хэкІуадзащ зауэм, езыр балигъ мыхъуа и щыпхъэщущым ерыІанэу кьэнат. Налшык дэта школ-интернатыр къыуа иужь, пединститутым и адыгэбзэ къудамэм щеджащ. Мис абы и ужькІэ «Ленин гъэзэгу» газетым дыщыкІэдзэжкащ Хьэмид сэрэ, 1965 - 1966 гъэхэм. А лъэхъэнэм сэ Іэнатіэ схуэхъуа журналист Іэщ1эгъэм илъэс зыбгъэупщІ хъуауэ срилажьэрт, щэнхабзэмкІэ къудамэм ерилъэфащІт, Хьэмид и щІэныгъэ зи хуиущІа Іэщ1агъэм пэрыуба къудейт. Ауэ, ВЫ ныунур шІкІы щІыкІэ уощІэ, зэрыжаІэм хуэдэу, абы щыгъуэм дэпльагъурт Іуэхум зэрыхуэжакІыр, куэдым гу зэрыльитэр, зыщІэса пединститутым и программэм зыныбжьыбдэхэми зэрыщыгъуаззэр, тхыпІэ куэд зэрреджэгъ, абы щыгъуэ дунейм хуиту кьытрамыгъэхьэу щытахэри хэту.

Хьэмид нэгъэсауэ хэкуупсэ зиІэ цІыхущ. И щІалэгъуэм зыщыщІэдзауэ абы зэрехуэу дунейм щикъухьа адыгэ лъэпкъым и Іуэху. Хэльадзэу, хэпхъуэ мыхъуу губзыгъэу, Іэзэу иужь итщ абы. Газетым щІэпжьэн щыщІидзам щыгъуэ, Хьэмид ёзым и жэрдэмкІэ ирихьэжьауэ щытащ «Тхьэмахуэ» зыфІищ напэкІуэщІыр. Ар тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу зэ къыдэкІырт, газетым и 4-нэ напэкІуэщІыр хуэхэхуэ. Зэман кІэщІым къриубыдэу «Тхьэмахуэм» щІэрэ щхьэрэ и1э хуэт. Абы кьытехуэрт куэдым ягу ирихь, цІыхухэр зэмыса тхыгъэхэр. Езы редакцэ дыдэм щылажьэхэм яхэтт ар зигу иримыхьхэр, «мыр партым и областной комитетым и газетщ, гушыІэ, ауан хуэдэхэр тедзэн хуейкьым, жаІэу кьыдэшхыдзу къэувэкІр щыІэт. «Тхьэмахуэм» и апэ кьыдэкІыгъуэхэр, макетри и гъуэсу, Хьэмид езым и зэхъуэу ищІу кьыщІидзат, иужьым абы ди къудамэм и адэй лэжьакІуэхэри хэлэжьыхьу куэвжащ. Хэт сыт къэтхуэжІэмм, «Тхьэмахуэр» зыБ дыдэкІэ кьызэфІэувэри, ди газетыр игъэбжьыфІэгу илъэс куэдкІэ кьыдэкІащ езы Хьэмид нэгъуэщІ лэжьапІэ кІуэ иужькІи.

Нарт хъыбархэм фІыуэ щыгъуаззщ икІи ар гъэтэмэмыным купщІафІэу хэлэжьыхьащ Хьэмид. Ар псом хуэмыдэу зэІэижьщ адыгэ таурыхъэхэрэ хъыбархэмрэ зэхуэхьэснымрэ тхыжьнымрэ, ахэр тхылъуи кьыдигъэкІащ. Ди республикэм дунейм кьыщІэтхьа тхылъщІэу Хьэмид зыщІымыгъуазэрэ гъэугъаноэ псалъэ гуапэ зыхужимыІэрэ къэгъуэтыгъуейщ.

«Іуащхьэмахуэ» журналыр мы зэманым зэпэщу, зыхуей хуэзэу кьыззэрыдкІым Хьэмид и гуащІи хэлъщ. Ар абы и редактор нэхъыщхьэу илъэс бжанэкІэ лэжьащ. Ди Къэбэрдей-Балькъэр тхылъ тедзапІэм и унафэщІу Хьэмид илъэс 12-м щІигъукІэ щытащ икІи ар ныкъусаныгъэншэу зэрихьащ. Зэи хъэхъэуэуэ кьыщІэкІащ ныкъым абы и унафэщІ щІэпльэІуу а кьулыкъум хьэпсэщІыкІыжьэ, Хьэмид кьищынэмыщІа. Апхуэдэу щІищІэри лэжьыгъэм хуэдщхьэхыу аратэкъым, атІэ Іэрытхыу тхакІуэхэм кьрахьэлІэр тхылъ тедзапІэм и планым нэхъэрэ нэхъыбэри, ящыныкъуэкІэ егъэгъэзэжьэн, зыгурэрэ я жагъуэ щІын хуей зэрыхъурт. Хьэмид цІыхухэм я гум еуэфхэм ящыщкъым. ИтІанэ, Хьэмид унафэ щІыным нэхъыбэ нэхъыщІэуэ къыщІэхуауэ зэрехуэу дунейм щикъухьа адыгэ лъэпкъым и Іуэху. Хэльадзэу, хэпхъуэ мыхъуу губзыгъэу, Іэзэу иужь итщ абы. Газетым щІэпжьэн щыщІидзам щыгъуэ, Хьэмид ёзым и жэрдэмкІэ ирихьэжьауэ щытащ «Тхьэмахуэ» зыфІищ напэкІуэщІыр. Ар тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу зэ къыдэкІырт, газетым и 4-нэ напэкІуэщІыр хуэхэхуэ. Зэман кІэщІым къриубыдэу «Тхьэмахуэм» щІэрэ щхьэрэ и1э хуэт. Абы кьытехуэрт куэдым ягу ирихь, цІыхухэр зэмыса тхыгъэхэр. Езы редакцэ дыдэм щылажьэхэм яхэтт ар зигу иримыхьхэр, «мыр партым и областной комитетым и газетщ, гушыІэ, ауан хуэдэхэр тедзэн хуейкьым, жаІэу кьыдэшхыдзу къэувэкІр щыІэт. «Тхьэмахуэм» и апэ кьыдэкІыгъуэхэр, макетри и гъуэсу, Хьэмид езым и зэхъуэу ищІу кьыщІидзат, иужьым абы ди къудамэм и адэй лэжьакІуэхэри хэлэжьыхьу куэвжащ. Хэт сыт къэтхуэжІэмм, «Тхьэмахуэр» зыБ дыдэкІэ кьызэфІэувэри, ди газетыр игъэбжьыфІэгу илъэс куэдкІэ кьыдэкІащ езы Хьэмид нэгъуэщІ лэжьапІэ кІуэ иужькІи.

Нарт хъыбархэм фІыуэ щыгъуаззщ икІи ар гъэтэмэмыным купщІафІэу хэлэжьыхьащ Хьэмид. Ар псом хуэмыдэу зэІэижьщ адыгэ таурыхъэхэрэ хъыбархэмрэ зэхуэхьэснымрэ тхыжьнымрэ, ахэр тхылъуи кьыдигъэкІащ. Ди республикэм дунейм кьыщІэтхьа тхылъщІэу Хьэмид зыщІымыгъуазэрэ гъэугъаноэ псалъэ гуапэ зыхужимыІэрэ къэгъуэтыгъуейщ.

«Іуащхьэмахуэ» журналыр мы зэманым зэпэщу, зыхуей хуэзэу кьыззэрыдкІым Хьэмид и гуащІи хэлъщ. Ар абы и редактор нэхъыщхьэу илъэс бжанэкІэ лэжьащ. Ди Къэбэрдей-Балькъэр тхылъ тедзапІэм и унафэщІу Хьэмид илъэс 12-м щІигъукІэ щытащ икІи ар ныкъусаныгъэншэу зэрихьащ. Зэи хъэхъэуэуэ кьыщІэкІащ ныкъым абы и унафэщІ щІэпльэІуу а кьулыкъум хьэпсэщІыкІыжьэ, Хьэмид кьищынэмыщІа. Апхуэдэу щІищІэри лэжьыгъэм хуэдщхьэхыу аратэкъым, атІэ Іэрытхыу тхакІуэхэм кьрахьэлІэр тхылъ тедзапІэм и планым нэхъэрэ нэхъыбэри, ящыныкъуэкІэ егъэгъэзэжьэн, зыгурэрэ я жагъуэ щІын хуей зэрыхъурт. Хьэмид цІыхухэм я гум еуэфхэм ящыщкъым. ИтІанэ, Хьэмид унафэ щІыным нэхъыбэ нэхъыбэу

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

• Псалъэжьхэр

Гъатхэм тумысар бжьыхьэм къытепхыжыркъым

- **t** ЩІым зыептмэ, щэ къуетыж.
- **t** Бзэр зыІэтыр дамэщ, цІыхур зыІэтыр акъылщ.
- **t** ФІыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыІуэщ.
- **t** Сабий зыгъасэ хасэм хокІыж.
- **t** ЩІхьэхынэм и махуэ кІыхьщ.
- **t** Уи псалъэ гъэІэси, уи нэмыс гъэбдыдэ.
- **t** Гъатхэм тумысар бжьыхьэм къытепхыжыркъым.
- **t** Нэхъыжьыфі зиІэ нэхъыщІэфІи иІэщ.

• Си хъуреягъкІэ

Къулыкъу

ХЬЭМАЦ цІыхухэр кьыхуэгуапэщ, пщІэ кьыхуащІ, кьоубзэ, мыувыІэуи кьыхуащІэІа, и нэфІ зыщагъэхуэн щхьэкІэ. А псори абы кьыхуэзыхьар адрейхэм нэхъри зэзыгуэркІэ нэхъыфІу араскъым, атІэ кьулыкъу иІыгъырщ. Ар фІыуэ, икъукІэ фІыуэ ещІэж езыми. Ауэ арэущ: сыт щхьэкІэ кьыхуащІэми, кьыхуащІэмэ, аракъэ?!

Хьэмац - кьулыкъу = 0

Хьэр зыгъашхэм ейщ

НЭГЪУЭЩІ лэжьапІэ сыщыІутам си кІуэгъужэгъуу щыта гурэщ зи гугъу сщІыр. Зи сэ абы сринэт, срипсэт. ХуэзфІэкІыхьэнымэ, сэр щхьэкІэ имышІэн щыІэтэкъым.

Иужьым нэгъуэщІ лэжьапІэ сыщыкІуэм, и щІыб кьысхуигъэзэжащ - дунейм сытети сытемыти.

Иджы абы и нэщ, и псэщ хуэзфІэкІри хуищІэнущ икІи хуещІэ си пІэ нуваУ лажьэ, а сэ зэрысщІу щытам хуэдэу ахьшэ тІэкІу кьезыгъэхьхэм!

Хьэр зыгъашхэм ейщ.

ПщІэнумэ, щІэ...

ЦІЫХУХЭМ ягу дыхьэн, дзыхь зыхурагъэщІу Іэ ирагъэІэтын щхьэкІэ депутатхэр мэву, мор фхуэтщІэнщ, мыдрейр фхуэтщІэнщ, жаІэри. УкІыгъэхэркъым. Абыхэм яхэткъым цІыхур ягъэунэнумэ, Іэмал зимыІа, ауэ ягъэунакъым. Сэ соукІытэ абыхэм я пІэкІэ: пщІэнумэ, щІэ, умыкІийумыгуоуэ...

Джэдрэ пэт щыкъакъэр кІэца и нужьщ!

Апхуэди къохьу

АР УЭРЭДЖЫІАКІУЭ Іэзэт. Абы кьытекІуэ щымыІэу фІыуэ игъэзащІэрт адыгэ узрэджьэхэр. Псом хуэмыдэу абы и пщІэр зыІэтыр зэрыІэдэбырт, хьэлыфІэ-щэныфІэт, бегьымбар хужаІэу.

Ауэрэ, къуажэм кьыдокІ абы текІуэу узрэд жызыІэ. Мыдрейр абы йохьэупсэ, хуэзгуэп мэхъу, екІэ иужь йохьэ мо кьытекІуэм...

А цІыху гъэсар, Іэсэр, сабырыр апхуэдэу кьыщІэкІащ, адрейхэр дауэ кьэнэжьи?

Хэт мы-Моцартми - Сальерищ!

ХЬЭХ Сэфарбий.

• ГушыІэ

Дыщэ кІанэ

МАХУЭ ГУЭРЫМ бейгуэлхэр и гъусэу кьуажэпщыр щакІуэ кьикІыжырт. Кьащэкіуа щагъуи щымыІэу, ешелІаУэ кьэкІуэж гупым дыхьэшх макъышхуэ зэхахащ. ЩыкІури инри зэкІуэщІылъэлъу щыдыхьэшх унэм пщым и гупыр пэгъунэгъу щыхьум, ар Дизыкъуажэ и хэщІапІэраУэ кьыщІэкІащ. Пщым фІэгъэщІэгъуэн хьурэ:

- Мы факьыр унэр мыпхуэдизу щІэтхьэр сыту пІэрэ? КьэщІакъэ хьунт ахэр апхуэдизу зыгъэдыхьэшхьр, - жиІащ.

Бейгуэлхэм ящыщ зы джэри Дизыкъуажэ кьыщІэкІащ.

- Мыпхуэдизу фызыгъэдыхьэшхэр сыт? ДыблэкІыжрэ пэт фи дыхьэшх макъым дыкьигъэувыІащ. Пщым ящІэну уеейщи, кьыджеІэ!

- Уэлэхьи, кьытхэхьуауэ дызыгъэдыхьэшхи щымыІэ, зы щыщэ кІанэ щыкІу диэщи, зэхуэздзэурэ дридыхьэшхьыу арщ, - жиІащ Дизыкъуажэ.

Бейгуэлым Дизыкъуажэ и псалъэр пщым щыІэригъэхьэжьым, зыри жимыІэу ежьэжащ. Унэм зэрынэсыжу:

- Дизыкъуажэ и бынхэр дыщэ кІанэ щыкІукІэ апхуэдизу щигъэдыхьэшхафакІэ, сэ си бынхэр кІанэщхэхуэкІэ нэхъыфІыжку згъэтхьэнщ, - жиІэри зы дыщэ кІанэжь иІэти кьищтащ.

И бынхэр хьурейуэ кьригъэувэжІри, гъэзрыгъэуэрэ дыщэ кІанэр яхуидзу иригъэжьащ. Хэти, кьыхуэмыубыду Іэпхьуурэ и льапэм теухуэу, хэти и бгъэгум хуищІэу кьихуэу, игьэдыхьэшхьэм дэнэ къэна, дыщэ кІанэм быныр гъынанэу зэбгригъэкІыжащ. Ар щилъагъум:

- Мыр дауэ?! Мыхэр дыхьэшхьыным и пІэкІэ магъэхэри-тІэ, дыкьигъэпщІауэ аращ. Сыт а бацэхэпльыр абыкІэ зыхуейр? Апхуэдэхэрат иджы сэ сыкьэзымыгъэпщІэжар? ФыкІуи фыкьеджэ, - жиІэри Дизыкъуажэ кьригъэшащ пщым.

- Уэ сыкьыщІэбгъапщІэр сыт? ГъэпщІагъэрэ делагъэкІэ си бынхэр сыбгъэувкІыжырти! Абыхэм ящыщ гуэрым кьыщыщІалъхэу, уэсщІэнур пщІэрэт?! - кьыхуилъырт, и кьамэ Іэпщэр икьуэу, пщыр Дизыкъуажэ.

- Сыт кьэхуар, зиусхьэн, сыту лейуэ укъэгубжьа? СыткІэ сыкьуанш?

- Укъуанщэш. Си бынхэр дыщэ кІанэкІэ согъэдыкьэшх жызыІар уэракъэ?!

- Сэращ.

- НтІэ, сэ си бынхэр сыту мыдыкьэшхарэ? Дыхьэшхыным и пІэкІэ гъыуэрэ Іукьыжахэщ. СытпкІэ мыгъынрэт, зиунагъуэрэ! Сеплъащи, хэт и льакъуэр, хэт и шхужьыр уфІыцІащ.

- Уэ яхуэбгъар дыщэ дыдэт?

- Щымыщ хэмыльу дыщэ кьабэзщ. Кьудрэ зумыльтэфыхьу, мы Іуэхум хьилагъэ гуэр хэлъщи, дахэкІэ кьызжеІэ?

- Уэлэхьи, зиусхьэн, хьилагъэ льэпкъ пкІэлъызеэмыкьэ, ар си мыкьэл икІи фыкьэзымыгъэпцІа, дызыгъэдыхьэшхьым фыщІэупщІати, вжеслащ, ауэ сэ зи гугъу сщІар кьызбгурыІуакъым уэ...

Дизыкъуажэ унэм кІуэжри, агъэбыгъэ хьуа я сабий щыкІур ныгъыбу псынщІу кьитъэзэжащ.

- Мис, зиусхьэн, сэ дыщэ жьыхуэсІар! Мыращ дыщэ кІанэр, ахьумэ, ауэ уи дыщэр, уэ дыщэ жьыхуэпІэр сытым щыщ! - жиІэурэ пщым сабийр иригъэлъэгъуащ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

• Теплъэгъуэхэр

Бакіуу Умар-цыкіу дуненжьыр и щІэщыгъуэщ.
Сурэтыр **АБЫКЪУ Данэ** *трихащ.*

• Къуажэхьхэр

Джэд хужь цІыкІу къупщхьэншэ

- **t** АдакъэкІэм хуэдэу къагъэщ, къазшырыдзэм хуэдэу дабзыкІ.
- **t** Гъуэгу напщІэм цы уда хэлъщ.
- **t** Жэщ уэздыгъэу губгъуэр зыгъэдахэ.
- **t** Джэд хужь цІыкІу къупщхьэншэ.
- **t** ЗэнысэгъуитІ пхъэхь темых.
- **t** Зи закъуэу пхуэмыших, умышхынуи Іэмал зимыІэ.

Жэуапхэр:

Гъуджэ. ТхэлъмэкІыхь. Мазэ. Кхъуей. Нэрэ нодзэрэ. ШІыгу.

• Хъуэхъуэхэр

Налшык къалэ щыпсэу Кварей Розэ Джырандыкьуэ и пхъум и махуэ льапІэмкІэ дохьуэхьу

ФІыуэ тлъагъу, псэм щыдгъафІэ ди анэшхуэм узышыгъэ быдэ уиІэу, дунейм гу щыпхуэу, уи пщІэр льагэрэ уи щхьэр льапІэу, уи щІэблэм я хьер, я ехьулІэныгъэ плъагъуу, абыхэм ящыгуфІыкІрэ уи гукьыдэжщ къаІэту, дэрэжэгъуэм ущымыщІэу куэдрэ дяпэ унтыну ди гуапэщ. Ди ущиякІуэ, чэнджэщакІуэ, гъэсакІуэ Іумахуэм Тхьэр фІыгъуэкІэ кьыпхуэупсэ.

Уи къуэрылъхуэху Аннэ, Элинэ, Алинэ, Іэминэ.

• • • • • • • • • • •

Лэскэн районым хыхьэ Анзорей къуажэм щыпсэу Дол Заур Анзор и къуэм и ныбжьыр ильэспІ ирокъу

Узыншагъэр и бэу, жырым нэхърэ нэхъ быдэу, щихум нэхърэ нэхъ льагэу, пкъыфІэ-къаруэфІэу, лІыфІщ кьыхужаІэу, ем пэІэщІэрэ фІым хуэпабгъэу, нэхъыжьхэм я щІэблэ жьІэщІэу, нэхьащІэхэм я нэхъыжьыфІу, гупым пашэ яхуэхьуфрэ эи пашэр Іуэхуфым хуишэфу, нэмысыр, насыпыр, акъылыр, мылкыр гъашІэ гъусэ хуэхьуауэ куэдрэ псэуну дохьуахьуэ.

Долхэ Іэминэ, Даринэ, Ахьмэд.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзыр ЦХЪЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

• ГушыІэ

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** Зи кьудамэхэр теухьуэнщІыкІа жыг лъэдий гъум. **7.** ЗэрышагъащІэхэм я пэш. **9.** УимыІуэху зепхуэмэ, уи щхьэм кьыткхуэнкІэ хьунущ. **11.** Тхьэгъэлэдж и ху иэдыр зыдыгъа иныжь. **12.** Каспий тенджызым и Іуфэм Іус лъэпкъ. **13.** Адыгэ шууей щІэрыІуэ, Европэ, Дунейпсо зэхьэзэхуэхэм куэдрэ бжьыпэр кьыщызыхьа ... Жамбот. **15.** ЗэщыхьаитІыр зыІэпызышыж. **17.** Ищэ хьэпшыпым, ерыскъым пхутемыкІ щІыху. **18.** Мы гъэм зи ныбжьыр ильэс 70 ирикъуа адыгэ композитор. **20.** Дыгъэ кьышІэкІыгъэм уафэм кьищІ плъыжьигъэ. **22.** Адыгэ шхыныгъуэ джэдыкІрыпщ. **24.** ЦІыхубзхэм кьыздрахьэкІ хьэпшып, зэрызагъэдахэ. **25.** Зэхьэзэхуэм щыпашэ. **29.** Нартхэм я гъукІэ. **31.** Плыфэ. **32.** Блэм и бзэгу. **33.** МышхумпІэ кьызыпыкІэ жыг. **36.** Спорт зэхьэзэхуэм 2-нэ увыпІэр щызыубыдым ират апхуэдэ гъущІым кьыхэщІыкІа медаль. **37.** ... щыгъэ. **38.** Совет Союзым и Лыхьужь, танкист хуэу щыта Къардэн ... . **41.** Мыльрикъуа адыгэ композитор. **20.** Дыгъэ кьышІэкІыгъэм уафэм кьищІ плъыжьигъэ. **22.** Адыгэ шхыныгъуэ джэдыкІрыпщ. **24.** ЦІыхубзхэм кьыздрахьэкІ хьэпшып, зэрызагъэдахэ. **25.** Зэхьэзэхуэм щыпашэ. **29.** Нартхэм я гъукІэ. **31.** Плыфэ. **32.** Блэм и бзэгу. **33.** МышхумпІэ кьызыпыкІэ жыг. **36.** Спорт зэхьэзэхуэм 2-нэ увыпІэр щызыубыдым ират апхуэдэ гъущІым кьыхэщІыкІа медаль. **37.** ... щыгъэ. **38.** Совет Союзым и Лыхьужь, танкист хуэу щыта Къардэн ... . **41.** МыльрикуКІэ е ерыскъыкІэ зызымыгъэнщІ. **43.** А цІэр зэрахьэ: тутыным, мотоциклым, Индонезиер щитІысыкІа хытІыгуэм ящыщ зым. **44.** ... и цІэпереІуэ. **45.** Хьыджэбз щІалэ.

Къехьу: **1.** Ильэсищым ит щыщІэ мыгъасэ. **2.** ЩоджэнщІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и дзэгуакІуэщхуэу щыта, РСФСР-м и цІыхубз артист. **3.** Бжэ Іуэльэ. **4.** ЦІыхум и щІыфэм хэт. **6.** Ильэс кІуам «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІыхубз усакІуэ» щІэр зыфІаща ди лъэпкъэгъу. **8.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, абы и кІуэдыжьгъуэм дамэ кьытокІэ. **10.** Щум и щырыкъу лъэдакъэм кІэрыщІа щэрхъ цІыкІу. **13.** Бын. **14.** ЦІыхубз щыгъын. **16.** Шым, Іэщым я фэр изых бадзэжь. **17.** Унэр ... куэду зэтетщ. **19.** Хадэм ирагъуэвэ бзыгъащтэ. **20.** Ухуэнысэм ирахьэлІэ. **21.** КІыщокъуэ Алим и нужьрей роман. **23.** Пыэ ... . **26.** Зы мэжджытым епха кьуажэм щыщ Іыхьэ. **27.** Мывэ зэрамышІэж. **28.** Кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и Лыхьужь. **30.** Псы зэрахьуэм кумбыгъэшхуэ. **32.** Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **34.** Щыгъыным хищІэ хьэпІацІэ. **35.** Зил кьыпщІэмыуэзым уи ... хуумыІуатэ. **39.** Іэщхэм я тхьэу кьалытэгу щыта. **40.** Адыгэ композитор, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата. **41.** Хадзэкі. **42.** Тырку дзэзешэм зэреджэр.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Гъатхэпэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** ПщІащхьуэ. **6.** Аргъынэ. **8.** Умэ. **11.** Самэ. **12.** Пхыр. **13.** Лъахьтэн. **14.** НапитІ. **17.** Сэбэн. **19.** Шырыкъу. **21.** Уэс. **22.** Кьыкъ. **23.** Кьуэ. **24.** Гъуапльэ. **27.** Ер. **30.** Жьэ. **31.** Щхьэгъубжэ. **32.** Кьру. **37.** Акъ. **38.** ЩІыхьэху. **40.** Кхъухь. **41.** Нал. **42.** Дау. **44.** Пабжьэ. **46.** Кьэуал. **47.** Нащхьэ. **48.** ЕсэнтІыгу. **50.** Лулэ. **52.** Чили. **54.** Щхуэ. **55.** Агьнокъуэ. **56.** Кьэпталь.

Къехьу: **1.** ПщІым. **2.** Тхьэупльэ. **3.** Арджан. **4.** Кьунтх. **7.** Псынщокъуэ. **9.** Мысыр. **10.** ГурэпкІырэ. **15.** Пэу. **16.** Пасхъэ. **17.** Сэ-кьат. **18.** Бакъ. **19.** Шыгъу. **20.** Кьурэ. **25.** Апэсы. **26.** Лъабжьэ. **28.** Ужьэ. **29.** Бру. **33.** Нарткьалэ. **34.** Хьэлэл. **35.** Фэдэн. **36.** Тхьэгъэзит. **38.** ЩІэп. **39.** Хукъуэ. **41.** Нау. **43.** Уэщ. **45.** Банэху. **48.** Ерокъуэ. **49.** Гуэбэн. **51.** Лыгъэ. **53.** Идар.

• ПщІэну щхьэпэщ

Лъыр фІыуэ егъэжьабзэ

ужь, абы и джэдыкІэм уеІуэсмэ, ар зэйр а абгъэуэм тетІысхьэжьыкъым, джэдыкІэм цІыхумэ щыуащи.

• • •

Мэз кхъужь цІыкІур мыхъу щІыкІэ мыгъохуэри, ар мэкъу, тхьэмпэ лъабжьэм щохьэж.

• • •

Тхъур нэхъыбэрэ бгъэзэжьхуэкІэ, нэхъ кьабзэ икІи нэхъ Іэфі мэхъу, куэдрэ зэІыхьэрэкъым.

КЪУБАТИЙ Борис.

• Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыпІэ щыІэ ІуэхущІапІэхэм я ІэшІагъэхэр

Балыджэ фІыцІэрэ бжьыныщхьэрэ зэхэупщІэтауэ

БАЛЫДЖЭ фІыцІэ тхьэщІар яукъэбз, сэкІэ яупщІатэ псыгъуэ цІыкІуурэ. Бжьын укъэбзар мазэ ныкъуэм ещхьу яупщІатэ. Бжьыныхуэ укъэбзар ІупщІэ цІыкІуу, пІащІэуэрэ яупщІатэ. А къагъэхьэзырахэр псори зы шынакъым ираухъэрти щыгъу хадзэ, серчэ, сэхуран дагъэ хакІэри, псори фІыуэ зэІащІэж. ЩхьэтепІэ трапІэри щІыІапІэ деж ягъэув дакъикъи 10-15-кІэ.

Іэнэм щытрагъэувэнум и деж зэІащІэ, пІинэу тепщэч цІыкІу ираухъэ, ипс кьыщІэжар трактІэж, кьуэн упщІэтар трагъэщащэ. КІэрТІоф гъэва, кІэрТІоф пІастэ, щІакхъуэ, чыржын дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): балыджэ фІыцІэу - г 50, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30, бжьыныхуэ укъэбзауэ - г 20, сахуран дагъэу - г 15, щыгъуэ, серчэу, къуэну - узыхуейм куэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

• Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ПІастэ хуабэ убар зэщІэбуфамэ е зыгуэр тупІэмэ, ар уцІыныпщ, псыр кьыщІэжу.

• • •

Лъы зи мащІэ цІыхум нэхъ ишхыерйуэ щытын хуейр бжьыныхуэ щыпсыр. Абы лъыр егъэкьабзэ, фІыуэ зэрегъакІуэ.

• • •

Щыпс, кхъуейжьапхъэ щащІкІэ куэдрэ зэІащІэмэ - щыпсри кхъуейжьапхъэри зэпыщу мэхъу.

• • •

Адыгэ джэш хужь пІащІэр мыгъэвауэ махуэм щэ бжэмыших изурэ ящхмэ, фошыгъу узыр мэхъуж.

• • •

Бабищ бзагуэр кІэцІа нэ-

Льыр фІыуэ егъэжьабзэ

- **t** Уэыхуэныкьуэм Іуэху куэд кьыльыкьуокІ.
- **t** Уи Іыхьэ кьыплъымысмэ, уи мыльхьэр хьэзырщ.
- **t** Хуэзфэкінур Іэпэдзгъэлэл зыщым, зыпэмыльэщынум зыкІэрещІэ.
- **t** ЩыІэнщІэныІам ирихьэлІэу, я нэхъ мыкІуэмытэми шы нэфу зреч.
- **t** Іуэху тыншым зыдебгъэхьэхмэ, ардыдэрэ кьыптохьэлъэж.
- **t** Іуэхуншэным зэфІэнэ кьешэ.
- **t** ЩІхьэж хильагъуэр гъащІэм хэлъщ.
- **t** ЩІэныгъэшхуэ зиІэр кьызыгурыІуэр абы кьыкІэрыхуркъым.
- **t** Япэм урысыбзэ зыщІэ адыгэм адыгэр ехьупсэу щытащ, иджы я нэр кьызыхуикІыр зи анэдэльхубзэр зыхуэгъэбзэрабзэращ.
- **t** Ныбжь уз гурыщІэр хэти кьыпэщылъщ: пэльэщым пкърокІыж, кьыхиГащІэм кьофыкІ.
- **t** Адэ-анэ я хьэжь кьызытенэм бынкІэ епшынэж.
- **t** ЦІыхум уэзрыдихьэхьынури гущыкІ зэрыхуэпщІынури зы бетэмалщ.
- **t** Зэрыгъу-зэрышхэм заГьэнщІыркъым: цІыхууи щрет, льэпкъи ирехьу.
- **t** Нэмысыр щІыхуэу ятыркъым.
- **t** Уи щхьэм хуэбгъэфащэр уи фащэщ.
- **t** АкъылыфІэм хабзэ хьунум пасэу гу льетэ.
- **t** ГубзыгъафІэ зыгъэпсыгъуэр делэщ, делафэ зытезыгъауэр бзаджэщ.
- **t** Делэм лъыхьу хуагъакІуэркъым, езыр кьыпІуоуэ.
- **t** Дыгъэ хьуи псоми укъалъагъунщ жиІащ пасэрей - закьеГбгъэльагъуэныращ щхьэпэр.
- **t** Зыр зым фІэделэмэ, тІури губзыгъэкъым.
- **t** Іуэхум Іэмал иІэрэ имыльэр умыщІэмэщ Іуэхур.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Нэмысыр щІыхуэу ятыркъым

• ЖыІэгъуэхэр

- **t** Адэ-анэ я хьэжь кьызытенэм бынкІэ епшынэж.
- **t** ЦІыхум уэзрыдихьэхьынури гущыкІ зэрыхуэпщІынури зы бетэмалщ.
- **t** Зэрыгъу-зэрышхэм заГьэнщІыркъым: цІыхууи щрет, льэпкъи ирехьу.
- **t** Нэмысыр щІыхуэу ятыркъым.
- **t** Уи щхьэм хуэбгъэфащэр уи фащэщ.
- **t** АкъылыфІэм хабзэ хьунум пасэу гу льетэ.
- **t** ГубзыгъафІэ зыгъэпсыгъуэр делэщ, делафэ зытезыгъауэр бзаджэщ.
- **t** Делэм лъыхьу хуагъакІуэркъым, езыр кьыпІуоуэ.
- **t** Дыгъэ хьуи псоми укъалъагъунщ жиІащ пасэрей - закьеГбгъэльагъуэныращ щхьэпэр.
- **t** Зыр зым фІэделэмэ, тІури губзыгъэкъым.
- **t** Іуэхум Іэмал иІэрэ имыльэр умыщІэмэщ Іуэхур.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыкьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжькъаэр Алик.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

• • • • • • • • • • •

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ ІапІэхэм ядэлажьэнымкІ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пиСмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ ІапІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

• • • • • • • • • • • • • • • • • • • •

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хьумэнымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ ІапІэм №ІІ-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкІ Сонэ, редактору Багъэтлыр Луизэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, **Пхытыкі Юрэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэлъныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** ***КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 5.000 • Заказ №716